

WULAN BRAYAT

2020

SENI NGRIMATI BRAYAT



ATUR SAPALA

Gesang mawi padatan anyar (*new normal*) kepeksa kita alami lan tindakaken ing wiwitaning wekdal nalika ndamel Buku Wulan Brayat punika. Sakdèrèngipun pandemi, LPP Sinode mesthi ngulemi para kanca tunggil paladosan rawuh ing kantor saprelu ngrancang saha ngrembag bahan dhasar saha bab-bab ingkang badhé dipun damel. Amargi wontenipun isolasi, tiyang sami kedah makarya saking griya, *work from home*. Pramila punika kawula ngulemi kanca-kanca saking tlatah Sragen sakiwatenenipun lumantar *Whatsapp* (WA) lan ndamel WA Group (WAG) ingkang sejatinipun karancang dados sarana pirembagan bab bahan-bahan Wulan Brayat. Ananging mbokbih amargi punika pengalaman sepisanan, pramila tuwuhan bab-bab ingkang mboten cocog kaliyan panginten sekawit. Dados, kanca-kanca ingkang damel bahan Wulan Brayat mboten patosa kathah. Awit saking punika, kawula nyuwun agening pangapunten.

Tumrap kanca-kanca ingkang sampun nggayengaken WAG saha sampun ngasta bahan-bahan Wulan Brayat, kawula saèstu bingah saha ngaturaken agenging pawuwun. Kawula ngrumaosi bilih nganggit bahan ing mangsa pandemi punika mboten gampil. Pramila ing wewengan punika keparengna kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng:

Pdt. Dwi Agus Cahyono, S.Th. (GKJ Gondang, Sragen)

Pdt. Gunawan Anggono Samekto, S.Si. (GKJ Taman Asri, Sragen)

Pdt. Darmanto Lemuel, S.Th.,M.Min. (Departemen Pembangunan Gereja BPMSW GKJ SW Jateng, GKJ Temanggung)

Pdt. Immanuel Adi Saputro, S.Si. (Bidang PWG Bapelsin XXVIII, GKJ Sabda Winedhar Surakarta)

Pdt. Abednego Heru Supartono, S.Th. (GKJ Sambirejo, Sragen)

Wulan Brayat 2020 punika miji jejer "Seni Ngrimati Brayat". Temtu ingkang kawula kajengaken mboten namung ngrimati sacara raga. Kawula ngajab, supados brayat-brayat Kristen saged

saèstu ngrimati brayatipun satemah jati dhiri saha iman kapita-dosanipun minangka brayat Kristen saged tetep lestantun. Bahan-bahan ingkang cumawis ing buku punika temtu kedah dipun oleh malih cocog kaliyan kawontenan saha kabetahaning pasamuwan piyambak-piyambak, mirunggan sesambetan kaliyan wontenipun mangsa padatan anyar punika. Mugi-mugi brayat kita tansah saged ngraosaken pangrimat saha panuntunipun Gusti lumampah wonten ing mangsa pandemi ingkang mboten gampil punika. Sugeng ngrimati brayat kita piyambak-piyambak saha brayingating pasamuwan. Gusti hamberkahi paladosan kita sedaya.

Salam lan urmat kawula,

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho

Pdt. Addi S. Patriabara

Pdt. Murtini Hehanussa

DHAPTOR ISI

Atur Sapala.....	i
Dhaptar Isi	iii

Bahan Khotbah

Minggu I, 4 Oktober 2020	1
Minggu II, 11 Oktober 2020.....	7
Minggu III, 18 Oktober 2020.....	13
Minggu IV, 25 Oktober 2020.....	21

Bahan Tata Panèmbah

Minggu I, 4 Oktober 2020	31
Minggu II, 11 Oktober 2020.....	43
Minggu III, 18 Oktober 2020.....	51
Minggu IV, 25 Oktober 2020.....	59

Bahan Panyuraos Sabda Adiyuswa

Panyuraos Sabda Adiyuswa I.....	71
Panyuraos Sabda Adiyuswa II	77

Bahan Panyuraos Sabda Brayat

Panyuraos Sabda Brayat I.....	83
Panyuraos Sabda Brayat II	87
Panyuraos Sabda Brayat III	93
Panyuraos Sabda Brayat IV	97

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga I	103
Pakempalan Pandonga II	109
Pakempalan Pandonga III	115
Pakempalan Pandonga IV.....	121



BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu
dipun olah malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*



BRAYAT KADYA KEBON ANGGUR

BAHAN KHOTBAH 1

Minggu, 4 Oktober 2020

DHAPTOR WAOSAN

Waosan I: Yésaya 5:1-7

Tanggapan: Jabur Masmur 80:8-16

Waosan II: Filipi 3:4-14

Waosan III: Matius 21:33-46

KHOTBAH JANGKEP

[Wonten ing khotbah wekdal samangké, palados sabda – juru khotbah – saged ngasta pot (jembangan wadhah taneman) isi wiji ingkang sampun semi utawi semèn taneman woh-wohan. Khotbah saged kawiwitan kanthi wawan-pangandikan. Kula aturi ngantebaken bilih gesang kita punika kadya winih ingkang sampun dipun gesangaken déning Gusti Allah. Timbalan kita punika ngrimat winih ingkang sampun gesang murih dados tuwuuh ngrembaka ngedalaken woh ingkang kathah.]

Kadosdéné winih ingkang dipun rimat, makaten pralambanging pangrimatipun Allah wonten ing gesang kita. Sampun temtu minangka pralambang, tetembunganing pralambang mboten saged nerangaken sadaya kawontenan kanthi tuntas. Ananging satunggaling pralambang utawi pepethan makaten dipun betahaken sanget kanggé mbiyantu kita mangertosi satunggaling prakawis. Kitab Suci kathah ngginakaken pralambang kanggé nggampilaken kita mangertosi kanyataning Gusti Allah ingkang mboten saged kagayuh déning budinipun manungsa. Salah

satunggaling pralambang ingkang kaagem kanggé nyebat umatipun Allah ingkang nama Israèl minangka pakebonan anggur utawi wit anggur kados ingkang kita waos wonten ing waosan lèksionari dinten punika. Anggur makaten mralambangaken kacekapan tuwin tentrem rahayu. Kanthi mralambangaken umatipun Allah minangka wit utawi pakebonan anggur, punika ateges gesang kita mboten uwal saking pangrimatipun Gusti Allah. Wonten ing pangrimatipun Gusti Allah, gesangging umatipun Allah badhé kapenuhan tentrem rahayu. Kadosdéné tukang kebon anggur ingkang ngrimati kanthi telatos dhateng wit angguripun, makaten ingkang katindakaken Gusti Allah ing salebetipun ngrimati umat kagungan-Ipun.

Malah pangrimatipun punika katindakaken kanthi jangkep saèstu. Nabi Yésaya nélakaken bilih pangrimatipun Gusti Allah punika kawiwitan saking madosi pasitèn ingkang subur (Yés. 5:1), pageripun eri ing sakupenging pakebonan dipun pecoki (Yés. 5:5), pasitènipun dipun paculi, watu-watunipun dipun bucali, tumunten dipun tanemi wit anggur pilihan, lajeng dipun degi panggungan pajagan, tumuli damel jogangan pameresan anggur bénjing ing wekdal panèn (Yés. 5:2). Saèstu jangkep pangrimatipun Gusti Allah punika. Émanipun, pangrimatipun Allah punika asring dipunlirwakaken déning umatipun Gusti Allah. Umatipun Allah dhemen pados margi piyambak. Umatipun Allah mboten satuhu tuwin mboten setya dhumateng Gusti Allah Sang Pangrimat. Ngajeng-ajeng pikantuk berkah, ingkang kelampahan malah wit anggur wohipun kecut utawi malah alum mboten kerimat.

Pralambang punika mujudaken pepènget kanggé umatipun Gusti Allah sadèrèngipun ngalami pambuwangan. Sang nabi sampun paring pameca supados umatipun Allah wangsl dhateng pangrimatipun Allah, ananging umatipun Allah mboten sami purun mirengaken.

Pralambang bab pakebonan anggur ugi kaagem déning Gusti Yésus wonten ing Injil Matius 21:33-46. Pralambang ingkang kaagem déning Gusti Yésus punika ngewrat pasulayanipun bendaro ingkang kagungan kebon-anggur kaliyan among tani

ingkang nggarap séwan pakebonan angguripun. Sacara nalar, bendara ingkang kagungan kebon anggur kagungan hak ingatasipun asiling panénan anggur, ingkang kedah dipun bayar déning among tani ingkang nggarap séwan pakebonan angguripun. Ngéngingi prakawis punika, paugeran Yahudi mranata wontenipun séwan tegalan kanthi cara asilipun dipun dum. Saben taun bendara ingkang kagungan kebon-anggur badhé rawuh mundhut asilipun. Ingkang nengsemakaken, dipun-tata ugi menawi sadanganipun tigang taun asiling kebon-anggur mboten dipun pundhut bendara ingkang kagungan kebon-anggur, kebon-anggur punika badhé dados gadhahanipun tiyang tani ingkang nggarap séwan pakebonan anggur. mBokbilih dipun anggep bendara ingkang kagungan kebon-anggur sampun mboten mbetahaken malih. Sela-selaning paugeran punika ingkang dipunginakaken déning tiyang ingkang nggarap séwan pakebonan anggur, wonten ing pasemonipun Gusti Yésus, supados tiyang ingkang nggarap séwan pakebonan anggur punika saged nguwaosi pakebonan punika.

Nalika bendara ingkang kagungan kebon-anggur ngutus sawetawis abdi kanggé nyuwun asiling kebon-anggur, kok ngantos pikantuk asil, abdi-abdi wau malah dipun-pejahi déning para tiyang ingkang nggarap séwan pakebonan anggur. Bendara ingkang kagungan kebon anggur tumunten ngutus putranipun kanthi pangajab putranipun badhé langkung dipun éringi (Mat. 21:37). Ananging malah tiyang ingkang nggarap séwan pakebonan-anggur ngrancang badhé mejahi putranipun bendara wau, kanthi pangajeng-ajeng piyambakipun badhé pikantuk warisan arupi pasitèn ingkang dipun garap punika. Mireng lapuran bab tilaripun ingkang putra, sanalika bendara ingkang kagungan kebon-anggur kécalan kesabaranipun. Bendara punika rawuh kanggé "..... nyirnakaken tiyang-tiyang duraka punika lan nyéwakaken kebon angguripun dhateng tiyang-tiyang sanèsipun ingkang badhé ngladosaken pamedalipun ing mangsanipun." (Mat. 21:41).

Maknanipun pasemon punika nunten dipun mangertosi déning para pangareping imam tuwin para Farisi (Mat. 21:45). Para

pangareping imam tuwin para Farisi ingkang dipun pitados nggarap kebon anggur wau rumaos dados ingkang kagungan. Punika sababipun para nabi utusanipun Gusti Allah, utusanipun Ingkang Kagungan kebon anggur, sami dipun pejahi. Langkung saking punika, Putranipun Bendara ingkang kagungan kebon anggur – inggih punika Gusti Yésus piyambak – ugi badhé dipunsédani (Mat. 21 :46). Punapa ingkang katindakaken déning para pangareping imam tuwin para Farisi punika nedahaken bilih tiyang-tiyang punika saweg nampik dhateng pangrimatipun Gusti Allah. Punika sababipun para pangareping imam tuwin para Farisi punika ngerèh Gusti Allah kanthi rupi-rupi paugeran ingkang angèl dipun-éwahi, ingkang kadamel atas naminipun Allah.

Sinau saking pengalaman imanipun umat Israèl, kita ugi saged menggalihaken brayat kita minangka kebon-anggur wekdal samangké. Gusti Allah, Sang Pangrimat, sampun kanthi tlatos ngrimat gesangging brayat kita. Marupi-rupi pengalaman pangrimatipun Allah ingkang ngedab-édabi kita raosaken minangka brayat.

Punapa ancasipun Allah ngrimati brayat kita? Supados brayat kita ngedalaken woh, dados berkah kanggé sesami kita. Sami kadosdéné wit ingkang ngedalaken woh, woh punika badhé nggesangi saben tiyang ingkang nedha woh punika, makaten ugi kita ugi tinimbalan kanggé ngedalaken woh tumrap sawetahing gesang.

Woh punapa ingkang dipun karsakaken déning Gusti saking brayat kita? Cobi kita lelimbang punapa ingkang kasebat rahayu manut pétangan jagad punika? Wangsulanipun inggih punika kita nggadhahi raja brana ingkang lubèr. Raja brana punika satunggaling prakawis tata-lair, ingkang kasat mripat. Punika sababipun, manungsa sami jor-joran ngginakaken punapa ingkang ketingalipun gagah, awis, mirunggan. Brayat ugi mboten kalis saking kawontenan ingkang kados makaten. Sinau saking Rasul Paulus, nguyak prakawis-prakawis tata-lair jebul mboten ndhatengaken kabingahan. Punika sababipun, Rasul Paulus

ngalami éwah-éwahan pamawasing gesang sasampunipun wanuh Sang Kristus (Fil. 3:8). Utawi ingkang langkung pas Gusti Yésus ingkang nepangaken dhirin-Ipun. Rasul Paulus ngagem tembung “dicandhak” (Fil. 3:12). Samangké Rasul Paulus mempeng anggènipun mlajeng nguyak enereng gesangipun ingkang anyar, inggih punika timbalan kaswargan ingkang saking Allah ing salebetipun Sang Kristus Yésus. (Fil. 3:14).

Pengalamanipun Rasul Paulus mboten tumunten ndamel kita nggadhahi panganggep ingkang tata-lair punika mboten wigatos. Babar pindhah mboten. Ingkang tata-lair punika wigatos, ananging sanès underan, sanès ingkang dipun tuju. Ingkang dipun tuju utawi ancasing gesang inggih punika ngrawuhaken kautamaning kratonipun Allah ing satengahing brayat kita. Kautaman-kautaman ingkang kados punapa? Sumangga kita sinau malih saking wiji ingkang sampun semi punika.

[Palados sabda nindakaken wawan-pangandikan malih kaliyan umat. Kula aturi mundhut pirsa, punapa ingkang prelu kita tindakaken supados wiji ingkang sampun semi punika saged tuwu. Sawetawis tuladha saged dipun ngendikakaken:

- Dipun siram toya. Toya punapa ingkang dipun betahaken brayat? Raja brana utawi katresnan?
- Dipun rabuk? Rabuk punapa ingkang cocok sanget kanggé brayat? Punapa pangandikanipun Gusti utawi sanèsipun?

Jejibahan kita sesarengan inggih punika samidéné ngémutaken, ngiyataken, sarta samidéné damel subur, supados brayat kita tuwu. ing salebeting kabingahan sarta ngedalaken woh kanthi dados berkah kanggé sesami. Gusti mberkahi kita sami. Amin.

[asp-den]





MIRENGAKEN GUSTI ALLAH

BAHAN KHOTBAH 2

Minggu, 11 Oktober 2020

DHAPTOR WAOSAN

Waosan I: Yésaya 25:1-9

Tanggapan: Jabur Masmur 23

Waosan II: Filipi 4:1-9

Waosan III: Matius 22:1-14

KHOTBAH JANGKEP

Sinten ingkang naté ngraosaken mboten dipun pirengaken ing satengahing brayat? Kadospundi raosipun? Anthony de Mello naté nyariyosaken satunggaling cariyos bab sawijining brayat ingkang badhé dhahar ing warung makan. Pelados warung makan nyelaki kanthi mbekta cathetan sarta ngaturaken pitakèn punapa ingkang dipun kersakaken. Kawiwitan saking bapak, ibu, sarta ingkang pungkasan putra ingkang alit piyambak. “Tuwan putra alit”, makaten aturipun, “Panjenengan badhé ngersakaken punapa?” Pun putra alit énggal-énggal mangsuli, “Kula purun roti-sosis.” “Ampun” ngandikanipun pun ibunipun, “Panjenengan paringi sekul gorèng mboten pedhes.” Palados punika kados mboten nggatosaken. Piyambakipun nglajengaken takèn, “Nyuwun pangapunten tuwan putra alit, roti-sosisipun badhé ngagem saus tomat?” “Purun,” makaten wangsulanipun pun putra alit wau. Nalika palados punika késah, swasananiipun dados ening. Lajeng putra alit wau ngandika, “Nembé sapunika, kula rumaos wonten, amargi wonten priyantun ingkang karsa mirengaken atur kula.”

Dinten punika kita tinimbalan kanggé mirengaken suwantenipun Gusti Allah. Pasemon pangon ing Jabur Masmur 23 nengsemaken kanggé kita gatosaken. Wedharan pangèn punika wedharan ingkang limrah wonten ing Kitab Suci kanggé nyebat pakaryan panganthinipun Gusti Allah dhumateng gesangging umatIpu. Kita saget maos, kathah pérrangan saking Kitab Suci ingkang nyebataken bilih Gusti Allah punika minangka pangèn, wiwit saking Purwaning Dumadi 48:15, Purwaning Dumadi 49:24, ngantos dumugi Yohanes 10. Menawi Gusti Allah kasebat Pangèn, lajeng sinten kita punika? Ménda! Ménda makaten kalebet kéwan ingah-ingahan ingkang kaanggep ringkih, bodho, lulut, sarta gampil ical lan katriwal (mirs. Yér. 1:6, Mat. 10:6, lsp.).

Menawi Gusti Allah ingkang dados Pangèn, mila Kitab Suci ngandikakaken prakawis ingkang ngédab-édabi asring kelampahan, kadosta: aku ora kekurangan apa-apa, diplégungaké ana ing pangongan kang akèh suketé, digiring menyang ing banyu ing panggonan kang tentrem, ngayemaké nyawa, nuntun, nganthi lampah kita ing jurang palimengan pati, pungkasnipun marengaken kita manggèn wonten ing padalemaning Sang Yéhuwah ing salaminipun. Wow, élok sanget. Ananging kanggé saget ngraosaken kawontenan ingkang makaten, wonten saratipun. Saratipun inggih punika pitados tuwin mirengaken Sang Pangèn.

Punapa gampil sarat punika? Jebul mboten gampil! Wonten ing waosan Injil dinten punika kita maos Kratoning Swarga dipun ibarataken kadosdéné pahargyan nikah. Pahargyan nikah mujudaken salah satunggaling pahargyan ingkang wigatos sanget wonten ing adat tata-caranipun tiyang wétanan. Wonten juru tapsir ingkang ngendikakaken bilih pahargyan nalika semanten saget lumampah pitung dinten dangunipun (kcn. Para Hakim 14:17). Pahargyan wonten ing pasemonipun Gusti Yésus punika pahargyan ingkang ageng, samukawisipun sampun cumawis (Mat. 22:4). Émanipun, para priyantun ingkang sami kauleman mboten sami rawuh. Wonten ing Kitab Suci para priyantun ingkang kauleman kasebat “padha ora maèlu” (Mat. 22:5).

Tegesipun, para priyantun ingkang kauleman mboten nganggep bilih uleman pahargyan nikah punika wigatos. Kanthi cetha bab punika nedahaken bilih para priyantun ingkang kauleman mboten ngurmati ingkang ngulemi.

Saiba kita asring mboten maèlu, nglirwakaken suwanten tuwin ulemanipun Gusti Allah wonten ing gesang kita. Kula aturi menggalihaken, menawi kita ngawontenaken pahargyan ananging dhaharanipun telas, mangka para tamu taksih wonten, punapa kita mboten rumaos lingsem? Samangké ingkang kelampahan pahargyan sampun samekta, dhaharan lubèr ananging para tamu ingkang kauleman mboten wonten ingkang rawuh. Punapa ingkang kita raosaken? Sampun temtu ingkang rumiyin piyambak kuciwa, amargi jebul adeg kita mboten dipun anggep déning tiyang ingkang sapriki kita anggep kanca utawi mitra kita. Pangajeng-ajeng kita kanggé bingah-bingah jebul mboten kelampahan.

Awit kita saget mangertosi menawi ratu ingkang ngawontenaken pahargyan tumunten duka. Wusananipun sang ratu nandukaken tumindak keras, ngukum para tiyang ingkang mboten maèlu dhateng uleman kabingahan punika. Nanging pahargyan kedah terus lumampah. Ulemanipun dipun-énggokaken dhateng tiyang-tiyang sanès (Mat. 22:10). Tiyang sanès punika tiyang-tiyang ingkang sapriki tebih kaliyan sang ratu. Sanès kanca utawi mitranipun sang ratu.

Pasemon punika nedahaken dhateng pangertosanipun tiyang-tiyang Yahudi ingkang sapriki rumaos dhirinipun punika umat pilihanipun Gusti Allah. Punika sababipun tiyang Yahudi asring ngasoraken tiyang saking bangsa sanès. Contonipun ing jamanipun Gusti Yésus, tiyang Samaria kaanggep rèmèh déning tiyang Yahudi. Ananging wonten ing pasemonipun Gusti Yésus punika, kepara dipun tedahaken bilih sinaosa tiyang Yahudi punika umat pilihanipun Gusti Allah, malah tiyang Yahudi punika mboten purun mirengaken Gusti Allah, Sang Nata ingkang ngulemi tiyang-tiyang Yahudi ndhatengi pahargyan nikah. Tiyang-tiyang Yahudi punika sami kesengsem dhateng

kagiyatanipun piyambak. Tiyang-tiyang Yahudi punika kasebat “menyang pategalané”, sawenèh “ngurusi dagangané” (Mat. 22:5). Amargi saking punika, Sang Nata badhé ngulemi tiyang-tiyang sanès. Tiyang-tiyang sanès punika badhé dados mitranipun Sang Nata ingkang énggal. Ananging mboten sadaya mitra ingkang énggal punika purun mirengaken suwantenipun Gusti Allah wonten ing Gusti Yésus Kristus. Pasemon tiyang satunggal ingkang mboten mangagem ageman pésta (Mat. 22:11) nedahaken prakawis punika. Punika maknaning pasemonipun Gusti Yésus ingkang dipun bundheli ing Mat. 22:14 “Sabab akèh kang katimbalan, nanging mung sathithik kang pinilih.”

Kita sadaya tinimbalan, ananging punapa kita sadaya ingkang pinilih? Gumantung sapinten tumemening gesang kita mirengaken suwantenipun Sang Pangèn Sejati, Gusti Yésus Kristus. Sumangga samangké kita titipriksa gesang kita ing satengahing brayat. Wonten kathah suwantenipun Gusti Allah kanggé brayat kita ingkang kita pireng sarta mbokmenawi kita apalaken. Salah satunggalipun nalika kita nikah rumiyin. Kita rak mirengaken suwantenipun Gusti Allah ingkang nimbalii kita supados nresnani lan mitulungi, sarta badhé tansah setya tuhu dhateng sisihan kita ing salebetung bingah punapadéné sisah? Sumangga kita pirsani, sapinten kiyating suwantenipun Gusti Allah punika gesang ing satengahing brayat kita sapunika? Punapa anggèn kita gesang minangka tiyang sesomahan langkung dipun kuwaosi déning prajanjén dol-tinuku, “sliramu ngono, aku ngéné”, utawi dipun kuwaosi déning katresnan?

Ugi nalika kita kaparingan momongan lan mbaptisaken anak-anak kita. Kita rak inggih sampun mirengaken suwantenipun Gusti Allah, ingkang nimbalii kita kanggé nggulawenthah sarta nyukani tuladhaning iman dhumateng anak-anak kita? Sapinten kiyatipun panggulawenthahing iman ingkang sampun kita paringaken dhateng anak-anak kita, punapa sampun karaos cekap menawi namung negeteraken anak-anak kita dhateng Sekolah Minggu? Sapinten agengipun tuladhaning iman ingkang sampun kita tedahaken dhateng anak-anak kita wonten ing satengahing gesang bebrayatan ing saben dintenipun?

Mirengaken suwantenipun Gusti Allah, mboten kados mirengaken suwantenipun musik saking *gadget* utawi HP kita. mBok menawi mirengaken musik saget ndamel kita nggoyang-nggoyangaken sirah utawi tumut njogèt. Ananging mirengaken Gusti Allah kedah langkung saking punika kalawau. Mirengaken suwantenipun Gusti Allah kedah dipun tututi wontenipun éwah-éwahaning gesang ingkang saya dinten saya karaosaken déning tiyang-tiyang ing sakiwatengen kita. Sumangga kita mirengaken suwantenipun Gusti Allah sarta ngecakaken suwantenipun Gusti Allah punika mirungganipun ing satengahing brayat kita. Gusti Allah mberkahi kita sami. Amin.

[asp-den]





SADAYA KAGEM GUSTI ALLAH

BAHAN KHOTBAH 3

Minggu, 18 Oktober 2020

DHAPTOR WAOSAN

Waosan I: Yésaya 45:1-7

Tanggapan: Jabur Masmur 96:1-9

Waosan II: 1 Tésalonika 1:1-10

Waosan III: Matius 22:15-22

KHOTBAH JANGKEP

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus Kristus, Manungsa kalairaken dhateng jagat punika lumantar tiyang sepuhipun. Nalika taksih bayi, manungsa namung ngraosaken sih-katresnan saking tiyang sepuh utawi priyantun ingkang ngrimati gesangipun. Limrahipun, manungsa mboten naté ndadosaken masalah, punapa leres punika tiyang sepuh ingkang nglairaken piyambakipun, sadangunipun piyambakipun ngalami sih-pangrimat saking tiyang sepuhipun. Kosokwangulipun, wonten anakipun piyambak (*anak kandung*) ingkang mboten ngakeni tiyang sepuhipun kalih sisih amargi mboten naté ngraosaken sih-katresnan wiwit alit mila.

Lumebet Minggu kaping tiga ing Wulan Brayat punika, kita tinimbalan kanggé tansah ngraosaken kabingahan ing salebetipun gesang sesareangan ing satengahing brayat, sinaosa ing salebetipun kaanan utawi kawontenan ingkang mbok bilih damel kita bosen, jelèh, dhateng punapa ingkang kita alami. Émuta, pangrèh tuwin pakaryanipun Gusti Allah saèstu nyata wonten ing

gesang kita. Gusti Allah karsa ngagem sinten kémawon kagem nélakaken sih-kasetyan-Ipun dhateng kita ing salebetung pangrimat-Ipun Allah tumrap sadaya titah-Ipun.

Sumangga kita sinau saking waosan-waosan kita. Ing waosan kapisan, Yésaya 45:1-7, kita maos kadospundi Gusti Allah miji Korèsy, raja ing Negari Pèrsia, kanggé ngluwari bangsa Israèl saking pangawulan. Adegitun Korèsy temtu kémawon ngagéttaken manah, amargi piyambakipun tiyang ngamanca. Sanadyan makaten, piyambakipun kasebat “wong kang Sunjebadi” utawi Mésias!

Kapilihupun Korèsy nedahaken pangwasanipun Gusti Allah. Gusti Allah (Pangéran Yéhuwah) punika Kang Nitahaké sakabèhé, sarta Gusti Allahé tumrap sujarahing umat manungsa. Korèsy mboten wanuh Gusti Allah, ananging Gusti Allah saget ndadosaken Korèsy minangka ingkang dipun jebati Panjenenganipun.

Ing ngriki kita sinau bilih panguwaos namung wonten ing astanipun Gusti Allah. Panjenenganipun mengku panguwaos ing ngatasipun sadaya titah-Ipun, kalebet karawuhanipun para pemimpin wonten ing gesang kita. Keyakinan dhateng panguwaosipun Gusti Allah ndamel kita sinau ngurmati pemimpin sadangunipun anggènipun mimpin laras kaliyan karsanipun Allah.

Waosan candhakipun inggih punika waosan tanggapan, Jabur Masmur 96:1-9, ngajak kita kanggé sujud manembah dhumateng Gusti Allah, amargi pakaryanipun Allah ingkang agung, amargi pakaryanipun Allah ingkang agung kelampahan wonten ing gesang kita. mBoten namung umat Israèl ingkang ngraosaken pakaryanipun Allah ingkang agung, ananging saben tiyang kalebet kita. Sumangga kita mirsani mawingking, mirsani lampahing gesang kita, sarta ngematna iba kathahipun pakaryaning Allah ingkang agung wonten ing gesang kita.

Juru masmur nyebataken wonten 2 tumindak ingkang saget kita lampahi kanggé manembah dhumateng Gusti Allah, inggih punika:

- *Ngrepèkaken kidung pamuji konjuk marang Gusti Allah* (Jabur Masmur 96:1-2). Umat Israél kasuwun ngidungaken “kidung anyar” amargi sampun pikantuk pengalaman anyar awujud tumindaking pangluwaran saking Gusti Allah.
- *Nyariyosaken kamulyanipun Gusti Allah* (Jabur Masmur 96:3-6). Wonten ing péanganan punika, umat kasuwun kanthi lésan nyariyosaken kamulyanipun Gusti Allah. Kanthi ndongèng, umat ngèngeti pakaryan-pakaryanipun Gusti Allah ingkang élok ing antawisipun sadaya suku bangsa.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus Kristus, Waosan kaping kalih, 1 Tésalonika 1:1-10, nedahaken dhateng kita bab kadospundi Rasul Paulus ngémutaken pasamuwan Tésalonika bab kalih prakawis wigatos wonten ing patunggilaning pasamuwan.

1. Gusti Allah piyambak ingkang nimbali tiyang-tiyang pitados ing Tésalonika dados umatipun Gusti Allah lumantar pekabaran Injil. Awit saking punika, pasamuwan tinimbalan kanggé tansah ngecakaken iman sarta ngudi kababaring katresnan ing antawisipun pasamuwan sarta nggadhahi pangajeng-ajeng namung dhumateng Gusti Allah ing Sang Kristus Yésus.
2. Kanthi kakiyatanipun Sang Roh Suci, pasamuwan kasagetaken kanggé martosaken Injil. Injil kawartosaken mboten namung kanthi tembung-tembung, ananging ugi kathi tumindaking patuladhan. Punika sadaya dipun tindakaken pasamuwan ing Tésalonika, lumantar cara dados tiyang ingkang “mbangun-turut” dhumateng Allah, ngantos tiyang-tiyang punika dados tuladha tumrap gesang.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus Kristus, Salajengipun waosan Injil kita, Matius 22:15-22, nedahaken kadospundi Gusti Yésus ngadhepi tiyang-tiyang ingkang mengsahi Panjenenganipun, inggih punika tiyang Farisi, ingkang saweg ngrancang kadospundi caranipun njiret Gusti Yésus. Tiyang-tiyang ingkang mengsahi Gusti Yésus ngajengaken pitakénan kanthi ancas supados Gusti Yésus ketaman karibedan. Pitakénan ingkang dipun rancang prasaja, inggih punika bab

mbayar pajeg dhateng Kaisar punika kénging punapa mboten. Minangka bangsa ingkang dipun-kuwaosi bangsa Roma, umat Israël kedah mbayar pajeg dhateng kaisar. Punika sababipun tiyang-tiyang Farisi sengit dhumateng juru-mupu-béya amargi nyambut damel kanggé pamarintah Roma, mila pantes kasebat tumindak cidra. Dados, menawi Gusti Yésus ngandika kedah mbayar pajeg, Panjenenganipun saget kaanggep nyidrani bangsanipun piyambak. Kosokwangslipun, menawi Gusti Yésus ngandika mboten mbayar pajeg, mila Gusti Yésus kaanggep mbaléla dhateng pamarintah Roma. Pitakènan prasaja punika jebul ngewrat resiku ingkang ageng.

Gusti Yésus pirsa kadurakaning manahipun tiyang-tiyang Farisi, mila Panjenenganipun ngandika, "Yagéné kowé padha nyoba marang Aku, hé wong-wong lamis?" (Mat. 22:18). Tembung "lamis" dipun-antebaken Gusti Yésus amargi sadérèngipun punika tiyang-tiyang Farisi ngendikakaken bilih Gusti Yésus "mboten mawang tiyang" (Mat. 22:16). Salajengipun Gusti Yésus nyuwun supados para Farisi nedahaken "dhuwit kang kanggo pajeg" (Mat. 22:19). Prelu dipun émut-émut bilih wonten kalih werni arta ingkang pinanggih wonten ing gesangipun bangsa Israël nalika semanten. Inggih punika *uang logam* (arta pelikan) mirunggan ingkang namung kanggé ing Padaleman Suci sarta arta pelikan padintenan ingkang dipunginakaken saben dinten. Arta pelikan padintenan punika ingkang dipun karsakaken déning Gusti Yésus ingkang kanggé mbayar pajeg. Wonten ing arta pelikan padintenan punika wonten gambaripun kaisar. Sinambi nyepeng arta pelikan punika Gusti Yésus ndangu, "Iki gambaré lan tulisané sapa?" Para Farisi ngaturi wangslulan, "Gambar saha seratanipun Kaisar". Atetales wangslulan punika, Gusti Yésus ngantebaken tuwin nandhesaken, "Mulané saosna marang Kaisar apa kang dadi kagungané Kaisar lan marang Allah apa kang dadi kagungané Allah." (Mat. 22:31). Wangslanipun Gusti Yésus "saosna marang Allah apa kang dadi kagungané Allah" nengsemaken dipun gatosaken. Kanggénipun tiyang pitados, punapa ingkang wajib kasaosaken dhumateng Gusti Allah? Sadaya! Kanthi wangslulan punika Gusti Yésus ngantebaken satungaling pangertosan wigatos, inggih punika "Sapa

Gustimu?" Wangsulanipun Gusti Yésus punika ndamel umat sinau bilih satunggal-satunggalipun Gusti punika inggih namung Allah. Sumuyudipun umat dhumateng panguwaos/pamarintah kapapanaken wonten ing sangandhaping pakurmatan dhumateng Gusti Allah. Kita ngurmati pamarintah amargi kita ngurmati Gusti Allah. Anggèn kita ngurmati tuwin sumuyud dhumateng pemimpin ing jagat punika dados wujud ingkang nyata tuhusetya kita dhumateng Gusti Allah. Sadaya kagem Gusti Allah sarta namung kagem kaluhuraning Allah.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus Kristus, Wonten ing Wulan Brayat, kita tansah tinimbalan kanggé ngraos-raosaken gesang patunggilaning brayat kita piyambak-piyambak. Wonten satunggal tembung kunci wigatos gesang sesarengan ing salebetting brayat, inggih punika kasetyan. mBokbilih wekdal punika kita taksih ngadhepi pageblug covid-19. Kita manut pamarintah supados netepi *protokol kesehatan*. Kita ugi manut tiyang sepuh wonten nggriya, utawi netepi kuwajiban sarta tanggeljawab kita. Ing ngriki, adhedhasar waosan-waosan kita, wonten sawetawis bab ingkang saget kita pethik piwucalipun.

Kaping sepisan, émuta bilih Gusti Allah punika Pemimpin Sejati kita. Gusti Allah punika Gusti ingatasipun sujarah tuwin gesangipun manungsa. Panjenenganipun kuwaos ngagem sinten kémawon tuwin kadospunapa kémawon kanggé makarya wonten ing gesang kita. Gusti Allah nimbali Korèsy kanggé ngluwari bangsa Israèl. Gusti Allah nimbali Rasul Paulus kanggé dados abdin-Ipun. Ing wekdal sapunika Gusti Allah ugi nimbali sawetawis tiyang kanggé dados pemimpin wonten ing gesangipun pamarintahan, pemimpinipun bebadan ingkang nindakaken pakaryan (*perusahaan*), tiyang sepuh lsp. Priyantun-priyantun punika kaagem déning Gusti Allah kanggé kasaénaning gesang sesarengan.

Prakawis punika mboten ateges para pemimpin kita punika sampurna, mboten! Kita kepareng malah kedah maringi pratikel, pamrayogi, utawi panyaruwé supados gesang sesarengan dados langkung saé. Ananging kedah tansah kita ènget bilih Gusti Allah

ingkang kepareng ngagem para pemimpin wau kanggé ngrimati kita. Pratikel, pamrayogi, utawi panyaruwé prelu kita tindakaken kanthi sikap urmat. Kita ngurmati pemimpin kita minangka wujuding pakurmatan kita dhumateng Gusti Allah.

Kaping kalih, tansaha bingah-bingah lumantar kekidungan sarta cariyos-cariyos kita bab kamulyanipun Gusti Allah. Mbok bilih kita saweg ngalami prakawis ingkang mboten saé, ananging timbalanipun Gusti inggih punika tansah bingah. Pirsanana sawetahing gesang kita, punapa mboten kathah sanget pakaryanipun Gusti Allah ingkang ngédab-édabi wonten ing gesang kita? Punika sababipun, wonten ing sadhéngaha kawontenan, kita tinimbalan kanggé paseksi bab pakaryanipun Gusti Allah ing Sang Kristus Yésus sarta lumantar Sang Roh Suci. Kita saget mawujudaken prakawis punika wonten ing kekidungan utawi cariyos ingkang ngendikakaken bab pandamelipun Gusti Allah. Wonten pakulinan-pakulinan saé ingkang asring ical wonten ing gesangging brayat kita. Kadosta tetunggilan, memuji tuwin ngluhuraken asmanipun Gusti Allah ing satengahing brayat. Satunggaling pakulinan ingkang asring kagantos déning *gadget*, inggih punika tiyang sepuh nalika medharaken cariyos sadèrèngipun tilem dhumateng putranipun. Cariyosipun satunggaling priyantun tuwin lelampaahan ing Kitab Suci saget kaagem kanggé memulang dhateng para putra supados nuladhani sarta ngluhuraken Gusti Allah wonten ing gesangipun. Ugi kita saget nyariyosaken pengalamaning gesang kita, para tiyang sepuh.

Kaping tiga, wonten ing gesang sesarengan kita, wonten satunggal bab ingkang prelu kita émuti inggih punika bilih kita punika péraganipun satunggaling golongan dadosa punika brayat, pasamuwan, masyarakat, punapadéné bangsa lan negari. Minangka péragan saking satunggaling golongan, tumindak kita temtu mangaribawani kanggé golonganipun. Sumangga kita pirsani conto prasaja wonten ing satunggaling golonganipun brayat. Nalika wonten salah satunggalipun warganeting brayat sisah, mila sawetahing brayat sisah. Nalika wonten salah satunggalipun warganeting brayat bingah, mila sawetahing brayat ugi bingah. Punika sababipun, kuncining gesang sesarengan

dipunlairaken wonten ing sabdanipun Gusti, “..... lan sadhéngah apa kang koktindakaké iku tindakna kalawan terus ing batin kayadéné kagem Gusti, ora kanggo manungsa.” (Kol. 3:23)

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yésus Kristus, Sumangga kita ngrimati gesang kita sesarengan, mirungganipun gesang sesarengan ing satengahing brayat kita kanthi mapanaken Sang Kristus minangka Sesirahing Brayat. Sedayanipun saking Panjenenganipun, déning Panjenenganipun, sarta kagem Panjenenganipun. Kamulyan kagem Panjenenganipun ing salamilaminipun. Amin.

[dac-den]





NGLELATIH KATRESNAN

BAHAN KHOTBAH 4

Minggu, 25 Oktober 2020

DHAPTOR WAOSAN

Waosan I: Kaimaman 19:1-2, 15-18

Tanggapan: Jabur Masmur 1

Waosan II: 1 Tésalonika 2:1-8

Waosan III: Matius 22:34-46

KHOTBAH JANGKEP

Irah-irahaning Khotbah dinten punika ngrembag bab *cinta* utawi katresnan, ingkang wigatos sanget kita andharaken. Prakawisipun, kadospundi mujudaken katresnan punika? Kita prelu ngrumaosi, awit mboten sadaya tiyang saged puguh setya mujudaken katresnanipun.

mBok menawi ing antawisipun para sadhèrèk wonten ingkang naté mirsani *film* ingkang sampun sawetawis lami, ananging ing salebeting mangsa pageblug covid-19 punika, *film* kasebat dipunpitontonaken malih wonten ing salah satunggaling *stasiun televisi*. *Film* kasebat irah-irahanipun “7/24” (*Menawi saged, pasamuwan ingkang sami ngibadah saged dipun-jak mirsani thriller film* kasebat, *kasuwun ngundhuh ing https://www.youtube.com/watch?v=rsyDCgNi_OY*). Ringkesanipun cariyos ing *film* punika kirang langkung makaten. Prasetyo Ichsan Setiawan (dipun tindakaken déning Lukman Sardi) punika salah satunggaling sutradara *film* kondhang. Piyambakipun krama (ningkah) kaliyan Tania Wulandari (dipun tindakaken déning

Dian Sastro Wardoyo). Tania Wulandari kagungan padamelan minangka ingkang tinanggenah mimpin satunggaling bank ingkang misuwur. Anggènipun bebrayatan, Prasetyo kaparingan momongan satunggal, umuripun gangsal taun. Prasetyo Ichsan Setiawan tuwin Tania Wulandari, sami-sami pandhemén nyambut damel. Wekdal ingkang saged kanggé sesarengan tiyang kalih lan anakipun, namung wanci énjing, dalu, utawi malem Minggu. Kanthi jadwal ingkang padhet, Prasetyo sekaliyan tetep saged nelasaken wekdal sesarengan sarta tetep dados pasangan ingkang awatak tresna. Ing satunggaling dinten, Ichsan sakit, dipun rimat ing griya sakit. Tania kedah ngedum wekdal antawisipun kanggé nyambut damel, ngrimat griya, sarta ngrimat Ichsan. Sasampunipun tigang dinten ngrimati sadaya prakawis wau piyambakan, Tania wiwit kesayahan. Tania wusanananipun ugi dipun rimat ing griya sakit, satunggal kamar kaliyan garwanipun. Wewadi ingkang kasimpèn ngantos sapriki, wiwit tinarbuka. Nalika kawontenan ingkang kedahipun ngresepaken ing salebetipun satunggal kamar, dumadakan santun dados papan pasulayan ingkang dedreg.

mBokmenawi film punika dados satunggaling gegambaran, tumrap kathah-kathaipun brayat kita utaminipun ing abad 21 wekdal samangké. Sesambedian ing antawisipun garwa kaliyan sisihanipun, tiyang sepuh kaliyan putra-putranipun, dipun-rebut déning marupi-rupi kagiyatan ingkang katindakaken wongsal-wangsul kadosta padamelan, sinau, pakempalan, lsp. Brayat ingkang dados papan tuwuh-ngrembakanipun gesangsing katresnan (*cinta kasih*) asring dados cemplang sarta kécalan kaéndahanipun. Sampun temtu prakawis punika dados mboten samesthinipun sanget. Brayat bebasanipun namung kados “griya-pasipengan”. Énjing nindakaken kagiyatan, dalu ngaso, makaten salajengipun lumampah sepen utawi tanpa pepanggihan tuwin sesambedian lan pirembagan ingkang rumaket. Ing pundi dunungipun katresnan?

Katresnan, *cinta*, *love*, punika satunggaling raos-pangraos utawi émosi saking sih-katresnan ingkang kiyat sarta kesengseming pribadi. Sacara ngèlmu filsapat, katresnan/*cinta/love* mujudaken

sipat saé ingkang marisi sadaya kasaénan, raos-pangraos welas-asih, sarta sih-katresnan. Katresnan/*cinta/love* punika satunggaling tumindak/kagiyatan mempeng ingkang katindakaken manungsa dhumateng barang utawi tiyang sanèsipun, arupi pangurbanan dhiri, tumut ngraosaken ingkang karaosaken tiyang sanès, kawigatèn, sih-katresnan, mbiyantu, nuruti pangandikan, nuruti – manut – tuwin purun nindakaken punapa ingkang dipun-péngini barang utawi tiyang ingkang dipun-tresnani.

nDhatengaken katresnan ing satengahing gesangipun brayat temtu mboten cekap namung maos, mirengaken, tuwin nyuraos sabdanipun Gusti Allah punapadéné waosan panyengkuyung sanèsipun. Dipun-betahaken ugi tumindak ingkang tansah dipun latihaken wonten ing gesang padintenan. Kénging punapa?

Éric Fromm, priyantun ingkang asalipun saking bangsa Jerman ingkang lair ing Frankfurt Jerman ingkang kawentar kanthi téori kritik sarta *psikoanalisis* (panaliten ing babagan pikiran sarta raosing manah), mirsani wonten kalih prakawis ingkang wigatos ingkang prelu dipunmangertosi sesambedian kaliyan katresnan. Fromm mirsani wonten gangsal sarat kanggé mujudaken katresnan, inggih punika: (1) Raos-pangraos; (2) Tetepungan; (3) Tanggal jawab; (4) Kawigatosan; (5) Samidéné ngurmati. Gangsal sarat kasebat dipunbetahaken sanget wonten ing gesangipun manungsa sarta sadaya titah.

Erich Fromm wonten ing buku larisipun ingkang jejeripun *The Art of Loving* nélakaken bilih wonten sekawan tandha-tandha, inggih punika: preduli (*care*), tanggal jawab (*responsibility*), ngurmati (*respect*), sarta pangertosan (*knowledge*) ingkang sedayanipun mecungul sacara timbang wonten ing pribadinipun priyantun ingkang nresnani. Omong kosong menawi satunggaling priyantun ngandika nresnani putranipun ananging mboten ngopèni sarta mboten wonten tanggal jawab dhumateng pun putranipun. Mangka, tanggal jawab sarta pangopèn ingkang mboten kinanthénan raos urmat, sarta tanpa raos kepéngin wanuh langkung lebet sayektosipun badhé nasaraken kita dhateng sikap *otoritèr* utawi tumindak sawenang-wenang. Omong kosong

ugi menawi wonten pasangan kakung-putri ngandika nresnani, ananging mboten ketingal wonten ing tumindak nggatosaken, nanggapi, ngurmati, sarta samidéné mangertosi.

Waosoan-waosan Kitab Suci ing Minggu Panutupan Wulan Brayat 2020 punika ngèngetaken kita supados mboten namung sadremini mangertosi bab katresnan wonten ing gesang kita, ananging ugi nggesangi katresnan kasebat lumantar tumindak. Karana katresnan punika dhawuhipun Gusti Allah tumrap manungsa ing salebetipun manungsa mujudaken kasucèning gesangipun.

Wonten ing Kaimaman 19:1-2, 15-18, gesang suci punika dados timbalanipun Gusti Allah tumrap umat Israèl. "Sira padha disuci, awitdéné Ingsun Yéhuwah Allahira iku suci". Punapa kasucènipun umat Israèl sami kaliyan kasucènipun Gusti Allah? Sampun temtu mboten sami! Tetembungan "padha disuci" ing seratan Kaimaman 19:1-2 sanès satunggaling dhawuh, ananging satunggaling pratélan. Amargi Gusti Allah punika suci, mila umat Israèl ugi badhé dados suci. Suci mujudaken peparingipun Gusti Allah ingkang dipun-ketingalaken wonten ing gesang padintenan lumantar lampahing gesang. Suci ing salebetipun sesambedaning umat kaliyan Gusti Allah punapadéné kaliyan sesami. Temtu kémawon gesang suci ingkang dados pamrayogi tuwin timbalanipun Gusti Allah punika mboten namung sadrema pangajak, ananging satunggaling katrangan ingkang ngantebaken bilih umat Israèl sanès umat ingkang sami kaliyan kathah-kathahipun golonganing masyarakat, ananging umat ingkang nggadhahi jejering dhiri sarta sipat-sipatipun Gusti Allah ingkang suci. Ngrimati kasucèn ingkang dados jatidhiri kasebat mbetahaken pambereg ngantos dados satunggaling pratingkahipun umat kagunganipun Gusti Allah ingkang dipun-ketingalaken lumantar pandamel padintenan ingkang wajar sanget wonten ing sesambedanipun kaliyan tiyang sanès. Mandamel suci ateges wonten greget nresnani sesami kados nresnani badanipun piyambak, ugi nresnani Gusti Allah. Nalika satunggaling priyantun saged nyunaraken katresnan, priyantun punika saweg nguyak kasucèning gesang. Nalika piyambakipun saweg mbabar kalih-kalihipun, piyambakipun saweg ngabaraken Injil sarta

sinau kadospundi ngladosi Gusti Allah lan sesami. Punapa gampil nindakaken prakawis punika? Pancèn mboten gampil, kadosdéné tiyang malik épèk-épèking asta. mBokmenawi kémawon tuwu pepalang, kangèlan, tuwin bentrokan. Punika ugi ingkang dipun-adhepi déning Rasul Paulus. Nalika piyambakipun nindakaken pekabaran Injil, tuwu marupi-rupi reribet ingkang dipun prangguli. Rasul Paulus tetep nalesi sadaya wau kanthi greget sih-katresnan ingkang dipun-ketinggalaken tanpa dipun jiyad sarta nampi panjiyad.

Wonten ing 1 Tésalonika 2:7 dipun gambaraken ayahaning paladosanipun Rasul Paulus, ayahaning paladosanipun kados patrapipun "biyung anggoné momong lan ngopèni anaké." Biyung ingkang nresnani anakipun badhé ngesokaken katresnanipun kanthi katulusan sarta kamurnèn ingkang badhé ngeneraken sarta nggulawenthah anakipun dhateng margining kaleresan. Makaten Rasul Paulus ngrimat sarta momong pasamuwan kados ngrimat anak-anakipun piyambak. Piyambakipun andum Injil sarta andum gesang kaliyan pasamuwan. Rasul Paulus ngiyataken manahipun pasamuwan, tiyang satunggal mbaka satunggal. Awit saking paladosan ingkang makaten, pasamuwan dipun-ajak kanggé tansah gesang selaras kaliyan karsanipun Gusti Allah.

Jejibahan martosaken Injil ingkang dipun-tindakaken Rasul Paulus, mijil saking pepénginan ingkang ndadosaken renaning penggalihipun Gusti Allah. Punika timbalaning iman dhirinipun kanggé dados seksi tumrap kawilujengan peparingipun Gusti Allah, inggih punika tiyang ingkang martosaken Injil kanthi grengsenging katresnan ingkang bebles kanggé ingkang dipun-ladosi. Dados, katresnan punika mboten namung sadrema satunggaling dhawuh, ananging mujudaken dhasar gesangging imanipun tiyang pitados nglampahi jati-dhirinipun minangka umatipun Allah sarta golonganing masyarakat Kristen. Wangsul dhateng pawartos punika ngumandhangaken malih tresna dhumateng Allah lan sesami.

Injil Matius 22:34-46 ngandharaken tiyang Farisi ugi ahli Torèt kanggé njebak Gusti Yésus kanthi pitakénan: ""Guru, angger-

anger ing salebeting Torèt punika ingkang ageng piyambak ingkang pundi?" (Mat. 22:36). Sampun temtu tetembungan "anger-anger ing salebeting Torèt" punika nuding dhateng seratan Prajanjiyan Lami ingkang dados piwucalipun nabi Musa, inggih punika tresna dhumateng Gusti Allah (P. Torèt 6:15) sarta tresna dhumateng sesami (Kaimaman 19:18). Nengsemaken menawi kita nggatosaken wangsumanipun Gusti Yésus ing ayat 39, "Déné anger-anger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé". Tembung "padha" ing basa Yunaninipun *homois* = kaya, mèmper. Lumantar wawan pangandikan punika, Gusti Yésus badhé maringi satunggaling katrangan wewates ingkang wetah sesambeden kaliyan iman. William Barclay nélakaken wonten 2 prakawis wigatos.

Kaping sepisan, katresnan ingkang dados satunggaling dhawuh punika kedah katindakaken kanthi sawetahing gesang dhumateng Gusti Allah. Katresnan ingkang nguwaosi pangraosipun satunggaling tiyang, katresnan ingkang ngeneraken sadaya pikiranipun satunggaling tiyang, katresnan ingkang mujudaken kamempenganing tumindakipun satunggaling tiyang. Katresnan mujudaken blegering kesanggeman sawetahing gesangipun satunggaling tiyang dhumateng Gusti Allah.

Kaping kalih, katresnan kita dhumateng Gusti Allah ugi kedah maujud wonten ing katresnan kita dhumateng sesamining manungsa. Nalika kita nresnani Gusti Allah, kita ugi nresnani sesamining manungsa. Nresnani Gusti Allah sarta sesamining manungsa punika mboten kanthi pangraos ingkang lamat-lamat, ananging kanthi kesanggeman wetah ingkang kababar wonten ing pangabekti dhumateng Gusti Allah sarta paladosan ingkang gampil cak-cakanipun dhumateng sesamining manungsa.

Prakawis ingkang prelu kita émuti sesarengan inggih punika tebih sadèrèngipun kita nélakaken katresnan dhumateng Gusti Allah, Gusti Allah sampun langkung rumiyin nresnani kita wonten ing gesang pribadi punapadéné ing gesangsing brayat. Ing salebeting wewengkon katresnanipun Gusti Allah, kita salajengipun

kawangun kanggé dados pribadi-pribadi ingkang nresnani sesami. Tembung “sesami” dipunpertal saking tembung “pleison” ingkang wonten ing basa Yunani ingkang ateges “tangga”. Kanggé tiyang Yahudi, sesaminipun inggih punika tiyang-tiyang ingkang tunggil bangsa, tunggil agami, sarta tunggil *tradisi* adat tata cara. Bènten kaliyan punika, tumrap Gusti Yésus sesami inggih punika tiyang sanès ingkang kita pangghi wonten ing gesang padintenan. Dados, tresna dhumateng Gusti Allah saged kita télakaken ingkang sepisanan dhateng tangga-tepalih, inggih punika tiyang-tiyang ingkang wonten ing sacelak kita, manggèn ing sacelaking gesang kita, wonten ing golongan masyarakat ing paladosan kita, tiyang-tiyang ing satengahing masyarakat ingkang mboten wonten sesambedaning rah.

Wonten wewarah ingkang makaten “*Tiyang ngajèni kita mboten saking punapa ingkang piyambakipun pirsani sarta pirengaken ngéngingi kita. Tiyang ngajèni kita saking punapa ingkang piyambakipun raosaken lumantar gesang kita.*” Wewarah punika ngajak kita supados ndamel tiyang sanès ngraosaken katresnan ingkang nyata saking dhiri kita. Katresnan kita dhumateng sesami punika kanggé nélakaken katresnanipun Gusti Allah. Anggèn kita ngaosi dhateng ingkang kita tampèni saking tiyang sanès inggih punika wedharaning sokur kita dhumateng Gusti Allah. Kita mitadosi bilih Gusti Allah langkung rumiyin nresnani sadaya titah-Ipun ing sadhéngah kawontenan, mila mboten wonten malih pawadan kanggé sungkan ngulungaken asta kanggé nulungi sesami kanthi pawadan punapa kémawon. Katresnan saking tuwin dhumateng Gusti Allah punika kekiyatana kanggé nresnani sesami, ngantos mboten wonten malih papan kanggé pasulayan, mboten tepa-tepa, sarta kanggé tumindak pilih sih.

Wonten ing kawontenan sakiwa-tengening gesang bebrayatan, nggegesang katresnan dados reribet ingkang mboten gampil dipun-adhepi. Utaminipun ing satengahing mangsa pageblug covid-19. Akibatipun “ana ngomah waé” pepanggihan ing salebetting brayat arang-kerepipun dados inggil. Kedahipun kapara saya ndhatengaken makna ingkang saé tumrap

wigatosipun warganing brayat sanès ing salebeting brayat. Priyantun kakung kaliyan rabinipun saged ngginakaken wekdal kanggé andum raos-pangraos magepokan kaliyan geguletaning gesang ingkang dipun adhepi. Minangka putra, temtu wekdal *stay at home* ugi dados wewengan ingkang aji kanggé nyegeraken malih grengsenging sesambutan antawisipun anak kaliyan tiyang sepuh. Émanipun, pepanggihan ingkang temen-temen malah asring dados kakiyatán jumedhulipun marupi-rupi pasulayan. Menawia wonten pepanggihan, priyantun-priyantun punika namung dipun-répotaken kaliyan *gadget* utawi *gawai* utawi HP nipun piyambak-piyambak. Temtu kémawon kawontenan ingkang makaten prelu kita singkiri. Kabingahaning brayat saged dipun-raosaken nalika katresnan wonten ing nglebetipun awujud samidéné ngaturaken raos urmat, tumut ngraosaken ingkang karaosaken tiyang sanès, tuwin kesanggeman kanggé mirengaken sarta nyapa-aruh priyantun satunggal kaliyan sanèsipun.

Daya pangaribawa sarta panggodha awon ing sakiwa-tengening brayat mbokbilih kémawon badhé kita adhepi. Juru Masmur ngajak kita supados nyungkiri sadaya prakawis ingkang saged nuwuahaken daya pangaribawa awon kasebat. Juru Masmur ngadika, “Rahayu wong kang lakuné ora manut pangangen-angené wong duraka, lan ora ngambah dalané wong dosa sarta ora awor lungguh ing pajagongané wong memoyok, nanging kang karem marang angger-anggeré Sang Yéhuwah, lan digilut-gilut rina wengi.” Rahayu kita menawi kita saged nglelatih katresnan ingkang kados makaten wonten ing gesang bebrayatan. Kasagedan kita nggegesang katresnan kasebat dados soroting katresnan kita dhumateng Gusti Allah sarta sesami.

Gambaran kabingahaning saben brayat ingkang saged njagi kasucèn sarta nggesangaken katresnan punika kados “wit kang tinandur ana ing sapinggairing kali, kang metokaké woh ing kalamangsané, lan ora alum godhongé, apa baé kang ditandangi mesthi lestari.” Prakawis punika nedahaken saiba Gusti Allah nresnani sanget dhumateng gesangipun saben tiyang ingkang mursid lampahipun.

Lumantar Ibadah Panutupan Wulan Brayat wekdal sapunika, Sabdanipun Gusti Allah mulangaken dhateng kita bilih kativesnan (*cinta kasih*) mbetahaken satunggaling tumindak nyata ingkang mempeng. Sadaya warganing brayat mujudaken ingkang mokoki saking kativesnan ingkang dipun gegesang. Nggadahhana grengseng *men-CINTA* wonten ing gesangipun brayat kita. *CINTA* mboten namung tembung ananging tumindaking gesang padintenan ingkang kita lampahi. **C** (*Ciptakanlah* = nyiptaa), **I** (*Introspeksilah* = mawasa-dhiri), **N** (*Nyatakanlah* = télakna), **T** (*Terimalah* = tampanana), sarta **A** (*Ajaklah* = Ngajaka). Kanthi makaten, kita saged tansah nglelatih sadaya CINTA/kativesnan supados gesang wonten ing gesang padintenan kita, ngantos ndayani saé wonten ing saben gesang kita. Gusti mberkahi. Amin.

[gas-den]





BAHAN LITURGI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu
dipun olah malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*



BRAYAT KADYA KEBON ANGGUR

BAHAN LITURGI 1

Minggu, 4 Oktober 2020

Katrangan:

PS : Pelados Sabda

PL : Pelados Liturgi

Pdt : Pandhita

U : Umat/Warganing Pasamuwan

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

L : Lèktor

PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan ibadah.*
- *Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.*
- *Wekdal ening pribadi.*
- *Pasamuwan jumeneng*

TIMBALAN NGIBADAH

PL : Dinten punika kita tetunggilan sesarengan, lumebet ing wekdal Wulan Brayat. Wekdal ing pundi kita sami ngènget-ènget bilih brayat kita sampun karimat déning Gusti Allah kadya wiji taneman. Lumantar pangrimat-Ipun, Gusti Allah ngersakaken kita tuwuh tuwin ngederalaken woh. Sumangga kita lumebet ing ibadah punika kanthi nélakaken punapa ingkang dipun ngendikakaken Jabur Masmur 128:1-3.
Rahayu saben wong kang ngabekti marang Pangéran Yéhuwah,

U : **sarta kang ngambah ing dalan pitedahé!**

PL : Manawa kowé mangan wohing kangélané tanganmu,

U : **rahayu kowé lan becik kaananmu!**

PL : Rabimu bakal dadi kaya wit anggur kang subur

U : **ana ing jeroné omahmu;**

PL : anak-anakmu kaya trubusaning wit jaitun

U : **kang ngupengi mejamu!**

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 316:1, 4)*

KPJ 316 BRAYAT KANG TINANGSULAN ING TRESNA

Do-G 4/4

- 1) Brayat kang tinangsulan ing tresna,
tetales pitados mring Gusti,
mesthi ayem tentrem lan raharja, atut rukun wah lestari,
silih asah lan asih, silih asuh tan pamrih,
temah adegging brayat puniki, nengsemken mring sesami.
- 4) Brayat ingkang satuhu sembada, tamtu datan anguciwani,
kalamun pinaringan momongan, pinerdi bekti mring Gusti,
mrih setya lembah-ati, blaba gemi-nastiti,
temah adegging brayat puniki, nengsemken mring sesami.

VOTUM

PS : Pangibadah Minggu punika kelampahanipun wonten ing
Asmanipun Allah Rama, Putra, lan Roh Suci.

U : (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS : Karahayonipun Sang Kristus nunggila ing (kita)
panjenengan!

U : **Ugi nunggila ing panjenengan!**

--- *umat lenggah* ---

ATUR PAMBUKA

[Sawetawis para laré tuwin kanéman ingkang kajibah njogèd utawi nindakaken gerak lagu, mlebet ing papan pangibadah kalayan njogèdaken tembang “Menanam Jagung” anggitanipun Ibu Sud. Jogèdipun para laré tuwin kanéman punika

nggamaraken tumindak nanem, nyiram, tuwin ngrimati taneman.]

PANDONGA PAMBUKA TUWIN PANGAKEN DOSA

[*PS ngèngetaken sadaya ingkang sami ngibadah anggènipun nglirwakaken njagi tuwin nggegesang tuwuhipun brayat, lajeng ngaturi wekdal dhumateng ingkang sami ngibadah kanggé ndedonga pribadi ngakeni dosa lan kekiranganipun. Sasampunipun kawawas wekdalipun ndedonga pribadi cekap, PS nutup pandonga pribadi].*

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 58:1, 3*)

KPJ 58 PANGLUWAR KANG SEJATI

Do=D 4/4

- 1) Pangluwar kang sejati myarsakna pasambat kula
Gusti mugi ngresiki manah kula sadaya.

Refr.: Gusti mugi rah Paduka nucèkken manah kawula
temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.
Suci sèstu suci sèstu
temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu

- 3) Pangluwar kang sejati, mugi nuntun gesang kula,
mbangun turut mring Gusti, tansah ngéstokken Sabda.

Refr.: Gusti mugirah Paduka nucèkken manah kawula
temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.
Suci sèstu suci sèstu
temah suci saèstu wah sirna najis ing kalbu.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS : Ing Sang Kristus, panjenengan dipun apunteni.

U : **Ing Sang Kristus, panjenengan ugi dipun apunteni**

PS : “Mulané kowé padha éling-ingélingna lan bangun-binanguna, kayadéné kang pancèn padha koklakoni.” (1 Tés. 5:11).

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

--- umat sami ngaturaken salam Namaste dhateng sesamining
umat ---

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 77:1, 3*)
KPJ 77. IBA ADI TUWIN ÉNDAHNYA

Do=G 3/4

- 1) Iba adi tuwin éndahnya dinten ageng ingkang mulya.
Tiyang dosa wanuh Pamarta, samya nampi gesang nyata.
Gesang ing astaning Panutan ingkang kebak kaayeman.
Sagung dosa sampun ical; mangkya ngrasuk gesang énggal
- 3) Tyang dosa dèn sami mirengna, yogya samya anilingna,
napa sampun wanuh swaranya? Lamun dèrèng, mangga samya
énggal, umarek mring ngarsanya klayan éklas, manah suka.
Mung déning Yésus nggèn kita saged wangsul dhateng swarga.

--- *umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga Paladosan Sabda

PS : (*Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci*)

Pamaosing Sabda

Waosoan Kapisan:

- L : (*maos Yésaya 5:1-7*)
Makaten Sabdanipun Gusti Allah.
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan:

- L : (*maosaken utawi ngidungaken Jabur Masmur 80:8-16, saget kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosoan Kaping Kalih:

- L : (*maos Filipi 3:4-14*)
Makaten Sabdanipun Gusti Allah.
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil:

L : Waosan Injilipun Gusti Yésus Kristus kapethik saking **Matius 21:33-46.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

Ingkang rahayu inggih punika priyantun ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti sarta ingkang ngèstokaken. Haléluya!

U : (*ngidungaken KPJ 468*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

Khotbah

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

PANGAKENING PITADOS RASULI

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi ngidungaken KPJ 122.

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 122*)
KPJ 122. KULA PITADOS

Do=G 4/4

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa; ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,
Gusti Pamarta kula.

--- *tanpa interlude* ---

- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci; miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatya:
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka

--- *tanpa interlude* ---

- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah
Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.

- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum. Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa, tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

--- *umat lenggah* ---

PANDONGA SYAPAAAT

[pandonga syapaat katindakaken déning satunggaling brayat ingkang sampun kacawisaken sadèrèngipun ibadah]

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti Allah kanthi tinalesan ing sabdanipun Gusti Allah ingkang makaten: “Dhuh Pangéran, Allah kawula, kawula badhé ngaturaken pamuji sokur kanthi gumolonging manah dhumateng Paduka saha ngluhuraken asma Paduka ing salami-laminipun;” (Jabur Masmur 86:12).

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 154:1, 2)*
KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Refr. : Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagema Paduka
pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
kula kagunganta, Paduka rimati.

Refr. : Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji

kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugi katampia atur kawula,
 mrih gesang kawula kagema Paduka
 pirantos sapala.

Pandonga Pisungsung (an Pacawisan Bujana Suci)

P/D: (*nuntun pandonga caos pisungsung, menawi kaladosaken Bujana Suci, kalajengaken pandonga pacawisan bujana suci*)

--- umat lenggah ---

PALADOSAN SAKRAMÈN BUJANA SUCI

(Liturgi Bujana Suci punika dipun ladosaken kagem Warga Gréja Diwasa tuwin Anak-anak)

Purwaka

Pdt : Wekdal punika kita sesarengan ngriyayakaken Bujana Suci. Gusti Yésus piyambak ingkang netepaken tuwin nimbali kita supados kita nindakaken bujana suci.

Ing bujana suci punika, para laré ugi kauleman dhèrèk nampèni bujana suci. Sinau saking Gusti Yésus ingkang ngandika: "Cikbèn bocah-bocah iku, aja kokalang-alangi anggoné padha marek ing ngarsaku, sabab Kratoning Swarga iku duwèké wong-wong kang kaya mangkono iku." (Mat. 19:14). Sumangga kita ajak para laré kanggé nampèni Ganjaranipun Gusti Allah punika.

Ing salebeting kawontenan kita sadaya ingkang mboten sampurna, kita pitados bilih Gusti Allah badhé nucèkaken kita saking sadaya dosa kita, sarta nyampurnakaken pangertosan kita ing salebetipun kawula ngraosaken winadining bujana suci punika.

Ngeneraken manah

Pdt : Sumangga kita ngeneraken manah kita dhumateng Gusti Allah.

U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.**

PS : Sumangga kita saos sokur dhumateng Gusti Allah kita

U : **Sanyata becik saos sokur dhumateng Panjenengan-Ipun.**

Pandonga Sokur

Pdt : (*nglantaraken pandonga sokur*)

Préfasi tuwin Sanctus Bénédictus

Pdt : Gusti Allah ingkang Maha Kawasa lan Suci, kawula ngucap sokur, awit Paduka tansah ngrimati jagad lan nresnani saben titah. Ing ngriki, Paduka ngempalaken kawula dados badan satunggal, wonten ing gegeleitan pasamuwan punapa déné brayat, saprelu nggunggung kamulyan Paduka sesarengan malaékat ing swarga ingkang boten kendhat memuji:

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 28:2*)
KPJ 28. SUCI, SUCI, SUCI

Do=D 4/4

2)Suci, suci, suci, pujining pra suci
angumandhang sora ngèbeki akasa.
Pra mlaékat sami sujud angabekti,
ngidung tan kendhat mring Kang Mengkurat.

Tetepaning Bujana Suci

Pdt : Puji sokur konjuk Gusti, awit Sang Rama ingkang Maha Tresna tansah nunggil kita lan ngulemi kita ndhèrèk ing pambujanan suci punika.

U : **Kawula nyawisaken manah**
Sarta kasagedna kawula mitadosi

Pdt : Kita pitados bilih Roh Suci sampun katedhakaken kanggé kita, temah kanthi kapitadosan, kita ngraosaken rawuhipun Sang Kristus ing ngriki. Gusti Yésus, ing wanci dalu nalika Panjenenganipun ndungkap kaulungaken, mundhut roti, lan sasampunipun saos sokur, tumuli nyuwil-nyuwil roti punika sarta ngandika, "Iki badanku, kang kaulungaké marga saka kowé; iki padha tindakna kanggo pangéling-éling marang Aku!" Makaten ugi tuwungipun, sasampunipun dhahar, pangandikanipun, "Tuwung iki prajanjian anyar kang kaecap kalawan getihku. Saben-saben kowé padha ngombé, iku padha tindakna kanggo pangéling-éling marang Aku!" Awit saben-saben kowé padha mangan roti iki sarta ngombé ing tuwung iki, iku ateges kowé padha martakaké sédané Gusti nganti tumeka ing rawuhé.

U : **Sédanipun Sang Kristus badhé kawula wartosaken.**
Wungunipun Sang Kristus badhé kawula riyayakaken.
Rawuhipun Sang Kristus badhé kawula antu-antu!

Pangènget-ènget dhateng Sang Kristus

Pdt : Lumantar bujana suci punika kita ngèngét-ènget pangurbananipun Sang Kristus ingkang milujengaken, ingkang kaparingaken dhateng umat manungsa ing sadhéngah papan.

U : **Pinujia Gusti Allah kita!**

Pdt : Nalika kita ndhèrèk kembul ing bujana suci punika, Roh Suci mitulugi kita ngantos kita katunggilaken ing Sang Kristus dados badan lan Roh satunggal, ingkang dados pisungsung ingkang gesang konjuk Gusti Allah.

U : **Pinujia Sang Roh Suci!**

Pdt : Lumantar Sang Kristus, sesarengan Sang Kristus, ing Sang Kristus, sawetahing urmat tuwin kamulyan kagema ing Allah Sang Rama, lan ing patunggilaning Roh Suci, samangké dumugi ing salamilaminipun.

U : **Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci!**

Donga Rama Kawula

[kaucapaken utawi kakidungaken sesarengan]

Salam Katentreman

Pdt : Gusti Allah sampun maringi pangapunten sarta nunggilaken gesang kita. Awit saking punika, sumangga kita gesang ing salebetting bedhamèn sarta pangapuntening dosa.

Tentrem-rahayunipun Gusti Allah nunggila ing panjenengan!

U : **Ugi nunggila ing panjenengan!**

- [*umat sami jumeneng sarta sami ngaturaken salam Namaste, sasampunipun rampung umat lenggha malih*]

Panyuwiling Roti

Pdt : [nyuwil-nyuwil roti, lajeng ngangkat roti punika sinambi ngandika]

Roti ingkang cinuwil-cuwil punika tetalesing patunggilan kita kaliyan sariranipun Gusti Yésus Kritus.

Paladosan Roti

Pdt : Panjenengan tampèni!

- [*roti bujana suci kaladosaken dhateng pasamuwan, menawi pasamuwan sampun waradin nampi roti, roti badhé katedha sesarengan*]

Pdt : Panjenengan dhahar, kanthi ènget lan pitados, bilih sariranipun Gusti kita Yésus Kristus sampun kinurbanaken kanggé kawilujenganing jagat!

U : [umat dhahar roti bujana suci sesarengan]

Pangiling Toya Anggur

Pdt : [ngiling toya anggur dhateng tuwung, lajeng ngangkat tuwung punika sinambi ngandika]

Toya anggur ing tuwung punika tetalesing patunggilan kita kaliyan rahipun Gusti Yésus Kritis.

Paladosan Toya Anggur

Pdt : Panjenengan tampèni!

▪ [toya anggur bujana suci kaladosaken dhateng pasamuwan, menawi pasamuwan sampun waradin nampi toya anggur, toya anggur badhé kaombé sesarengan]

Pdt : Panjenengan onjuk, kanthi ènget lan pitados, bilih rahipun Gusti kita Yésus Kristus, sampun kawutahaken kanggé kawilujenganing jagat.

U : [umat ngonjuk toya anggur bujana suci sesarengan]

Pandonga Sokur

Pdt : [ngaturaken pandonga sokur]

--- umat jumeneng ---

PANGUTUSAN

U : (sesarengan ngidungaken kidung pangutusan KPJ 452:1,
3)

KPJ 452. TÉKADING MANAH KULA

Do=D 4/4

1) Tékading manah kawula tansah ndhèrèk mring Gusti
yéku Panutan sanyata nggih Panebus sejati

Reffein : Margining salib ingambah
mbangun turut mring Allah

mbabarken tresna sejati
mrih jagad tentrem basuki.

- 3) Nulad Sang Pamarta Gusti sagah ngurbancken dhiri
tan remen ing kekerasan nging lubèring katresnan
Reffein : Margining salib ingambah
mbangun turut mring Allah
mbabarken tresna sejati
mrih jagad tentrem basuki.

PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.

U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**

PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus!

U : **Puji sokur konjuk dhumateng Gusti Allah.**

PS : Pinujia Gusti Allah kita.

U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

PS : Tumengakna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah,
sarta tampènana berkah-Ipun:
“Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah, Rama kita
lan saking Gusti Yésus Kristus wontena ing (kita)
panjenengan sadaya.” Amin.

U : (*ngidungaken*) **Haléluya (5x), Amin (3x)**

[asp-den]





MIRENGAKEN GUSTI ALLAH

BAHAN LITURGI 2 Minggu, 11 Oktober 2020

Katrangan:

PS : Pelados Sabda

PL : Pelados Liturgi

U : Umat/Warganeting Pasamuwan

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

L : Lèktor

PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan ibadah.*
- *Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.*
- *Wekdal ening pribadi.*
- *Pasamuwan jumeneng, ngidungaken KPJ 17:1 - 3*
KPJ 17 MUGI RAWUHA, DHUH GUSTI

1) Mugi rawuha, dhuh Gusti!
Mugi rawuha, dhuh Gusti!
Mugi rawuha, dhuh Gusti!
Mugi rawuh, dhuh Gusti!

2) Kula nyawiji, dhuh Gusti!
Kula nyawiji, dhuh Gusti!
Kula nyawiji, dhuh Gusti!
Kula sami nyawiji.

3) Kula memuja, dhuh Gusti!

Kula memuja, dhuh Gusti!
Kula memuja, dhuh Gusti!
Kula sami memuja.

VOTUM

PS : Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
U : (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama ing
Sang Kristus Yésus kanthi lantaran Sang Roh Suci nunggila
ing (kita) panjenengan sadaya.
U : **Ugi nunggila ing panjenengan!**

--- *umat lengga* ---

ATUR PAMBUKA

PL : Nalika manungsa mboten mirengaken Gusti Allah, mila
kasangsaran sampun rumanti. Makaten kita maos cariyos
kasangsaranipun manungsa wiwitan, ingkang kawiwitan
saking manungsa ingkang langkung mirengaken
suwantenipun sawer tinimbang Gusti Allah.

“Anadéné ula iku kang julig dhéwé ing antarané sakèhing
kewan dharatan karyané Sang Yéhuwah Allah, mangka
iku celathu marang wong wadon mau: “Temptunipun
Gusti Allah paring dhawuh dhateng sampéyan: Sira aja
mangan wohing sarupané wit-witan ing patamanan iki!
Rak inggih, ta?” Pangucapé wong wadon marang si ula:
“Wohé wit-witan ing patamanan iki kabèh kena baé dak-
pangan, nanging tumrap wohing wit kang ana satengahé
patamanan iki, ana dhawuhé Gusti Allah mangkéné: Aja
sira pangan, malah ndemok baé aja, supaya sira aja
padha mati.” Nanging si ula calathu marang wong wadon
mau: “Boten-botenipun sampéyan sami pejah, nanging
Gusti Allah mirsa, samangsa sampéyan nedha wohipun
wit punika, sampéyan badhé kaparingan awasing
paninggal, temah dados sami kaliyan Gusti Allah, saged

nyumerepi ingkang saé lan ingkang awon.” Wong wadon mau nuli weruh yèn wit iku becik kanggo pangan lan katon nengsemaké, lan manèh wit iku menginaké, awit bisa ngolèhaké kapinteran; tumuli methil wohé lan mangan, kang lanang kang uga ana ing kono iya diwènèhi lan iya banjur mangan.” (Purwaning Dumadi 3:1-6)

Sumangga kita sinau mirengaken Gusti Allah.

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 435:1, 2*)

435. GUSTIMU KEPARSENG MUNDHUT

Do=A 4/4

1) Gustimu kepareng mundhut

papan anèng atimu
Resikana dimèn patut,
Gusti karsa lumebu!

Refr. : Rungokna pangandikanya,
aja padha semaya!
Nyawisna papan mring Gusti
anèng sajroning ati!

1) Tan liya, kersané Gusti

mitulungi wang dosa;
kang wus karsa mbukak ati
dadya padalemannya.

Refr. : Rungokna pangandikanya,
aja padha semaya!
Nyawisna papan mring Gusti
anèng sajroning ati!

PANGAKEN DOSA

[*Pangaken dosa dipun aturaken dèning **satunggal brayat** ingkang sampun kacawisaken sadèrèngipun ibadah. Pangaken dosa ngewrat antawisipun saiba asringipun umat mboten mirengaken suwantenipun Gusti Allah lan sesami.*]

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 53:1, 3*)

KPJ 53. KAPYARSI GUSTI NIMBALI

Do=D 6/8

- 1) Kapyarsi Gusti nimbali, " Hé, wong kamomotan, mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran!"
Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati, awit tansah binerkanan, sinung karaharjan.

- 3) Kapyarsi Gusti nimbali, "Wong dosa, mareka, nampanana kurban suci, rah, srira sampurna!"
Kula pasrah maring Gusti, kalis saking pati, wah ingangkat putrèng Allah, lantaraning berkah.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS : Rahayu saben tiyang ingkang kaapura panerak tuwin dosa-dosanipun. Samangké, gesanga selaras kaliyan karsanipun Gusti Allah.

U : **Kawula samekta dhuh Gusti Allah.**

PS : "Nilingna pitutur lan nampanana pamerdi, supaya kowé ing tembé bisa dadi wicaksana."
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah manut Wulang Bebasan 19:20.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

--- *umat sami ngaturaken salam Namaste dhateng sesamining umat* ---

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 78:1, 2)*
KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya; aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.
Reffrein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

- 2) Lamun pasrahu trusing kalbu, temah sampurna kabungahanku

Pra malaékat asung puji, samya ngundhangken sihing Gusti.

Reffrein: Aku memuji klayan rena,

nggunggung asmané salamanya

Aku memuji klayan rena,

nggunggung asmané salamanya

--- *umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga Paladosan Sabda

PS : (*Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci*)

Pamaosing Sabda

Waosoan Kapisan:

L : (*maos Yésaya 25:1-9*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan:

L : (*maosaken utawi ngidungaken Jabur Masmur 23, saget kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosoan Kaping Kalih:

L : (*maos Filipi 4:1-9*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosoan Injil:

L : Waosoan Injilipun Gusti Yésus Kristus kapethik saking **Matius 22:1-14.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

Ingkang rahayu inggih punika priyantun ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti sarta ingkang ngèstokaken. Haléluya!

U : (*ngidungaken KPJ 468*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

Khotbah

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS RASULI

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita dhumateng Allah Tritunggal, kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli

--- *umat lenggah* ---

PANDONGA SYAPAAT

[*Pandonga syapaat dipun aturaken déning wakil komisi anak, komisi remaja/pemuda, komisi dewasa, sarta komisi adiyuswa. PS nglajengaken pandonga syapaat, dipun pungkasi nglairaken utawi ngidungaken “Donga Rama Kawula”*]

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung minangka pratandhaning caos sokur awit saking kasaénanipun Gusti Allah wonten ing gesang kita. Sabdanipun Gusti ingkang nalesi anggèn kita nélakaken sokur kita punika kita waos sesarengan saking Jabur Masmur 139:14 makaten,

U : **“Kawula ngucap sokur dhumateng Paduka margi élok ngébat-ébat kadadosan kawula. Pakaryan Paduka punika élok, nyawa kawula sangat anggènipun ngraosaken bab punika.”**

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 160:1-3*)

KPJ 160 GUSTI, KAWULA NGATURKEN BADAN-NYAWA

Do = D 3/4

1) Gusti, kawula ngaturken badan nyawa kawula,
sumangga Paduka agem kawula kagunganta.

Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

2) Datan wonten andel-andel, namung Paduka Gusti;

mila kawula kumandel pasrah kang trusing ati.

Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

- 3) Raja brana, kasugihan, dalasan kasagedan,
kagema dados lantaran babaring kabingahan.

Refr. : Bingah sisaha kula marem nunggil Paduka,
dhuh Gusti purbèng tresna, kula pasrah Paduka.

--- *umat jumeneng* ---

Pandonga Pisungsung

P/D: (*nuntun pandonga pisungsung*)

PANGUTUSAN

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 323:1, 2*)

KPJ 323 MÉNDAHNÉA RAHAYU TYANG GEGRIYA

Do=Bes 2/4

- 1) Méndahnéa rahayu tyang gegriya
klayan tansah rumaket mring Gusti,
kang dadya mitra lan tuking basuki,
sarwi bingah préntahnya pinundhi.
Séka-kapti anilingken sabdanya,
angabekti Allah klayan ékhlas.
Rinten dalu angluhurken asmanyा,
myang sumuyud kalayan trus ing tyas.

- 2) Méndahnéa rahayu tyang sémahan,
klayan nunggil tresnanya mring Gusti.
Runtang-runtung dènira sih-sinihan
klayan saéka-praya lan budi.
Sadinten-dinten sami ngajeng-ajeng
idining Gusti sarwi memuji.
Ing satitah nrima klayan pitajeng
saha tresna dumugi ing janji.

PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.

U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**

PS : Mirengna suwantenipun Gusti Allah lumantar Sabdanipun.

U : **Kawula samekta mirengaken!**

PS : Panjenengan tindakaken Sabdanipun Gusti Allah wonten ing tengah-tengahing brayat.

U : **Kawula purun nindakaken Sabdanipun Gusti Allah.**

PS : Pinujia Gusti Allah kita.

U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS : Samangké, tampènana berkah saking Gusti Allah:
Katresnanipun Allah Sang Rama mugi nasabi gesang panjenengan,
Kasetyanipun Gusti Yésus Kristus nuntun lampah panjenengan.

Panguwaosipun Sang Roh Suci tansaha nggrengsengaken gesang panjenengan supados panjenengan kasagedaken ngrawuhaken sih-katresanipun Gusti Allah wonten ing gesang panjenengan, samangké dumugi ing salami-laminipun.

Amin.

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 466)*

Amin, haléluya! Amin, haléluya!

Pinuji Paduka! Amin, haléluya!

[asp-den]





SADAYA KAGEM GUSTI ALLAH

BAHAN LITURGI 3 Minggu, 18 Oktober 2020

Katrangan:

PS : Pelados Sabda

PL : Pelados Liturgi

U : Umat/Warganeting Pasamuwan

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

L : Lèktor

PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan ibadah.*
- *Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.*
- *Wekdal ening pribadi.*
- *Pasamuwan jumeneng*

TIMBALAN IBADAH

PL : Minggu punika kita lumebet ing Minggu kaping tiga ing Wulan Brayat. Minangka umatipun Gusti, kita katimbalan ngraosaken makna bilih sadaya prakawis pinangkanipun saking Gusti Allah. Awit saking punika, sumangga kita sesareangan sowan Panjenenganipun kanthi kebak kabingahan sarta manembah Panjenenganipun!

U : (*sesareangan ngidungaken KPJ 182:1, 3)*

182. PUJI SOKUR LAN PANGGUNGUNG

Do=G 4/4

- 1) Puji sokur lan panggungggung konjuk mring Hyang Maagung, kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya. Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran. Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèhnya.

- 3) Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati,
saèstu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi

VOTUM

PS : Pangibadah Minggu punika kelampahanipun wonten ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U : (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS : Karahayonipun Sang Kristus nunggila ing panjenengan!

U : **Ugi nunggila ing panjenengan!**

--- *umat lenggah* ---

ATUR PAMBUKA

PL : Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, irah-irahanipun pangibadah ing Minggu punika “Sadaya kagem Gusti Allah.” Lumantar irah-irahan punika, kita tinimbalan dados tiyang ingkang mbangun turut dhumateng Gusti Allah. Sabdanipun Gusti Allah makaten, “Lan kowé wus padha nulad aku sarta nulad Gusti; sajroning kasangsaran kang banget, kowé wus padha nampani pangandika iku kalawan bungah marga saka pakaryané Roh Suci, “ (1 Tésalonika 1:6).

Amargi kita punika tiyang-tiyang ingkang mbangun turut dhumateng Gusti Allah, mila pakaryan tuwin rancangan-ipun Allah rawuh ing gesang kita. Ing wekdal Wulan Brayat punika, sumangga kita ngraosaken punapa gesang sampun nélakaken menawi kita punika tiyang-tiyang ingkang mbangun turut dhumateng Gusti Allah.

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 71:1, 2*)

KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Duk nyipati gung pakaryaning Gusti,
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumleger ing gludhug ing akasa,
kula ngungun gung ing kamulyanta.

Reffrein: Nyawa kula nya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula nya sumyak sung puja,
Yekti Allah mahakwasa.

- 2) Lamun nlasak tengahing wana-wasa,
Sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gumelar sesawangan adi.

Refr: Nyawa kula nya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula nya sumyak sung puja,
Yekti Allah mahakwasa.

PANGAKENING DOSA

PL : Dhuh Allah ingkang Mahaasih,

Paduka tansah ngrimati kawula supados kawula gesang ing salebetung katentreman peparing Paduka ingkang luber.
Ananging kawula asring kesupèn dhateng katesnaning pangrimat Paduka, ngantos kawula asring nggresula.

U : **Dhuh Allah, kawula Paduka apunteni!**

PL : Paduka nuntun kawula ing gesang punika. Ananging kawula asring mboten purun ndhèrèk pamanggih Paduka.
Kawula langkung asring miturut lan jumangkah manut pikajeng kawula piyambak.

U : **Dhuh Allah, kawula Paduka apunteni!**

PL : Paduka ngutus para pemimpin kanggé ngiring lampah kawula, supados kawontenan ingkang sarwa tumata kelampahan ing gesang rerukunan punika. Ananging kawula kapara asring mboten ngurmati para pemimpin punika. Kawula asring ngaturi panyaruwé tanpa

dhedhasar, malah kanthi ukara ingkang kasar, ingkang tebih kaliyan sikap urmat.

U : **Dhuh Allah, kawula paduka apunteni!**

PL : Kawula ènget, kathah prakawis ingkang dèrèng saget kawula lampahi laras kaliyan karsa Paduka. Awit saking punika, wekdal punika kawula sowan, ngakeni dosa kawula sacara pribadi ing ngarsa Paduka.....

--- *umat kacawisan wekdal ndedonga sacara pribadi* ---

PL : Punika pangakening dosa kawula ing ngarsa Paduka. Kawula sampun damel dosa dhumateng Paduka, keparenga Paduka apunteni sarta Paduka pirengaken pandonga kawula. Amin.

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 45:1-4*)

KPJ 45. ANENG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.
- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS : “Sabab anggonmu padha kaslametaké iku saka sih-rahmat marga pracaya; lan iku dudu wohing pambudidayamu, nanging peparingé Allah, iku dudu wohing panggawému; supaya aja ana wong kang gumunggung.” (Efesus 2:8-9)
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS : Kawilujengan punika peparingipun Gusti Allah. Punika nélakaken sih-rahmat ingkang nyata wonten ing gesang kita. Kadodéné Gusti Allah sampun nresnani kita, sumangga kita samidéné nresnani satunggal kaliyan sanèsipun.

*--- umat sami ngaturaken salam Namaste dhateng sesamining
umat ---*

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 78:1-3*)
KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reffrein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

- 2) Lamun pasrahu trusing kalbu, temah sampurna kabungahanku
Pra malaékat asung puji, samya ngundhangken sihing Gusti.

Reffrein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

- 3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Reffrein: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

--- umat lenggah ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga Paladosan Sabda

PS : (*Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Sang
Roh Suci*)

Pamaosing Sabda

Waosoan Kapisan:

L : (*maos Yésaya 45:1-7*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan:

L : (*maosaken utawi ngidungaken Jabur Masmur 96:1-9, saget kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosoan Kaping Kalih:

L : (*maos 1 Tésalonika 1:1-10*)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosoan Injil:

L : Waosoan Injilipun Gusti Yésus Kristus kapethik saking **Matius 22:15-22**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

Ingkang rahayu inggih punika priyantun ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti sarta ingkang ngèstokaken. Haléluia!

U : (*ngidungaken KPJ 468*) **Haléluia, Haléluia, Haléluia.**

Khotbah

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

PANGAKENING PITADOS RASULI

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal saha papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita dhumateng Allah Tritunggal, kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli

--- *umat lenggah* ---

PANDONGA SYAPAAT

(*PS nuntun pandonga syapaat, kapungkasan kanthi ngidungan-ken utawi ngucapaken “Donga Rama Kawula”*)

PISUNGSUNG

P/D : Sumangga kita ngaturaken pisungsung dhumateng Gusti Allah kanthi tinalesan ing Sabdanipun Gusti Allah makaten, “Awitdéné samubarang kabèh iku saka Panjenengané, krana Panjenengané sarta kagem Panjenengané; kamulyan kagema Panjenengané salawas-lawasé!” (Roma 11:36)

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 161:1-3*)

KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

Do = D 3/4

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta, mugi dados lantaran kamulyaning Pangeran, kamulyaning Pangeran.
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya, mrih sesami basuki, nampeni sihing Gusti, nampeni sihing Gusti.
- 3) Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih-rahmat, temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji, datan kendhat pinuji.

--- *umat jumeneng* ---

Pandonga Pisungsung

P/D: (*nuntun pandonga pisungsung*)

PANGUTUSAN

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 124:1, 4*)

KPJ 124 KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

Do=C 3/4

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan
Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan,
Reffr.: Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 4) Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngéstokken dhawuh èdi,
sok sintena kang nyatroni, kula ngudi nresnani,
Reffr.: Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.
- U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
- PS : Aturna punapa ingkang wajib panjenengan aturaken dhumateng Allah.
- U : **Kawula samekta misungsungaken gesang kawula dhumateng Gusti Allah!**
- PS : Dadosa pandhèrèkipun Sang Kristus ingkang mbangun turut.
- U : **Kawula samekta netepi dhawuh-Ipun Gusti!**
- PS : Pinujia Gusti Allah kita.
- U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

BERKAH

- PS : Samangké, tampènana berkah saking Gusti Allah:
“Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang (kita) kowé, lan ngayomana (kita) kowé;
Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang (kita) kowé, lan maringana sihrahmat;
Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang (kita) kowé, lan maringana tentrem rahayu.”
- U : *(ngidungaken KPJ 473)*

KPJ 473. HALÉLUYA, HALÉLUYA

Do=G 4/4

Haléluya, Haléluya, Haléluya, Haléluya;
Haléluya, Haléluya, Haléluya, Haléluya;

[dac-den]





NGLELATIH KATRESNAN

BAHAN LITURGI 4 Minggu, 25 Oktober 2020

Liturgi Panutupan Wulan Brayat 2020 punika karakit ing salebetipun Éra Tatanan New Normal ingkang mbokbihil taksih dipunadhepi déning gréja (pasamuwan) ngantos prelu nggatosaken Protokol Kesehatan. Supados lampahing pangibadah Panutupan Wulan Brayat punika karaosaken dayanipun, kasuwun sadaya warganing brayat lenggha cecaketan, sinaosa kedah nggatosaken njagi jarak lenggahipun.

*Ing Liturgi Panutupan Wulan Brayat 2020 punika, wonten **satunggal brayat** ingkang kasuwun ngidungaken tembang “Karena Cinta”. Tembang “Karena Cinta” punika saget kaundhuh ing:*

<https://www.youtube.com/watch?v=sL3LN3pyI6E>

Prayogi sanget menawi brayat ingkang kasuwun ngidungaken tembang punika, sampaun dipun cawisaken seminggu sadèrèngipun pangibadah punika dipuntindakaken.

Katrangan:

N : Narator (tiyang ingkang tinanggenah ngandharaken lelampahan).

PS : Pelados Sabda.

PL : Pelados Liturgi.

U : Umat/Warganing Pasamuwan.

P/D: Pinisepuh/Dhiaken.

L : Lèktor.

PACAWISAN

- *Loncèng 1 x, wekdal ening kagem ndedonga pribadi, saget kairingan lelagon musik tanpa nyanyian utawi instrumèntalia.*
- *Loncèng 2 x, panyumeting lilin sarta maos Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.*
- *Loncèng 3 x, ibadah kawiwitan, N maosaken Timbalan Ngibadah.*

TIMBALAN NGIBADAH

N : Wiwit wiwitan mila, Gusti Allah nitahaken jagat punika kanthi katresnan. Panjenenganipun ngersakaken supados ingkang katitahaken gesang ing salebetung katresnan, samidéné ngrimati, nyengkuyung, sarta njangkepi. Katresnan punika gesang. Amargi katresnan kita gesang ing salebetung tentrem-rahayunipun Gusti Allah. Katresnan mboten namung sadrema tembung. Katresnan punika satunggaling tumindak. Saking tumindak ingkang kebak katresnan, kita nyawang wedananipun Gusti Allah ingkang nresnani kita. Saiba éndahipun gesanging brayat ingkang karoban ing katresnan. Saiba éndahipun menawi kakung-putri ingkang sami sesémahan, gesangipun karoban ing katresnan. Saiba bingahipun menawi tiyang sepuh sarta putra-putranipun mbangun gesangipun kanthi katresnan ingkang dipun gadhahi, sarta saiba nengsemaken menawi jagat punika gesang ing salebetung katresnan.

--- *satunggal brayat ingkang kajibah ngidungaken tembang “Karena Cinta” saget mapanaken dhiri ing papan ingkang sapun kacawisaken, tumunten miwiti kekidunganipun ---*

KARENA CINTA

Hari ini adalah lembaran baru bagiku
 Ku di sini karena kau yang memilihku
 Tak pernah ku ragu akan cintamu
 Inilah diriku dengan melodi untukmu
 dan bila aku berdiri, tegar sampai hari ini
 bukan karena kuat dan hebatku
 semua karena cinta, semua karena cinta

tak mampu diriku berdiri tegak
 terima kasih cinta
 Tak pernah ku ragu akan cintamu
 Inilah diriku dengan melodi untukmu
 dan bila aku berdiri
 tegar sampai hari ini
 bukan karena kuat dan hebatku
 semua karena cinta, semua karena cinta
 tak mampu diriku dapat berdiri tegak
 terima kasih cinta, terima kasih cinta\terima kasih cinta,
 terima kasih cinta.

- N : Gesang punika satunggaling lelampahan. Ing salebeting bingah punapadéné sisah, séhat punapadéné sakit, gagal punapadéné kasil. Punapa wonten katresnan ing saben lelampahaning gesang punika? Gèk-gèk katresnan sampaun sirna, ingkang kantun namung kagiyatan ingkang katindakaken wongsal-wangsul kémawon? Sowana dhateng ngarsanipun Sang Maha Tresna, supados sih-katresnanipun Gusti nasabi kita, sesarengan kalayan brayat.

--- *umat jumeneng* ---

- U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 345:1, 2*)
 KPJ 345. NADYAN KULA AMICARA

Do=A 4/4

- 1) Nadyan kula amicara ing saliring basa,
 nanging sepi raos tresna kula sèstu nglah.
 Refr. : Kula winulanga tresna kang sejati,
 murih tansah setya nulada mring Gusti,
 kasagedna tresna kanthi trusing ati
 dhateng Allah miwah sesami.

- 2) Medhar wangsit wah wewadi, kula saged yekti;
 nanging tresna tan nyarengi, datan maédahi.
 Refr. : Kula winulanga tresna kang sejati,
 murih tansah setya nulada mring Gusti,

kasagedna tresna kanthi trusing ati
dhateng Allah miwah sesami.

VOTUM

PS : Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti Allah
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

U : (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Sang Rama ing
Sang Kristus Yésus kanthi lantaran Sang Roh Suci nunggila
ing (kita) panjenengan sadaya.

U : **Ugi nunggila ing panjenengan!**

--- *umat lenggha* ---

ATUR PAMBUKA

PL : Saking pundi jumedhulipun katresnan? Saking soca mandhap dhateng telenging manah. Makaten éndahipun katresnan, ngantos saben tiyang ngersakaken dhirinipun dipun-tresnani tuwin nresnani. Brayat mbetahaken katresnan. Nalika neningkahan wiwitanipun kabangun, katresnan ingkang mrebawani. Ananging, nalika lampahing gesang punika kita alami, ing pundi dununing katresnan? Asring pasulayan, kawontenan njendhel, cemplanging gesang bebrayatan, malah punika ingkang asring kita prangguli. Kita rumaos dados sayah nglampahi gesang punika. Saiba gampilipun kita nyakiti, saiba ringkihing gesang kita kanggé ndhawahaken tiyang-tiyang ingkang sayektosipun kita tresnani.

Awit saking punika, lumantar ibadah Panutupan Wulan Brayat wekdal punika, kita tinimbalan kanggé mboten namung ngraosaken malih makantar-kantaripun katresnan. mBoten cekap ugi kita namung medharaken malih maknanipun katresnan wonten ing gesangipun neningkahan kita. Kita tinimbalan kanggé nglelatih malih katresnan ingkang kita darbèni. Sinaosa jangkahing gesang

kita sempoyongan, katresnan badhé ngiyataken kita, ngantos puputing gesang kita ing jagat punika. Kadosa punapa awratipun geguletaning dhiri sarta brayat kita, sumangga kita sowan ing ngarsanipun Gusti Allah. Rawuhna Gusti Allah wonten ing pepanggihan kita sesarengan kaliyan tiyang-tiyang ingkang kita tresnani ing salebetung brayat. Ngantos brayat kita tansah ngener dhumateng Panjenenganipun.

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 181:1-3*)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

kakidungaken sadaya

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkikh;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.

kakidungaken para bapa

- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
kakidungaken para ibu
sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.
kakidungaken para putra
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
kakidungaken sadaya
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

kakidungaken para putra

- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
kakidungaken para ibu
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
kakidungaken para bapa
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
kakidungaken sadaya
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

PANGAKENING DOSA

PS : Para Sadhèrèk kekasihipun Gusti Yésus Kristus, sumangga kita sesarengan ngraos-raosaken sadaya dosa kalepatan kita, mirungganipun ing satengahing brayat kita piyambak-piyambak; Awit saking sikap kita ingkang asring nglirwakaken katresnan sarta mboten kendhat nyakiti brayat ingkang kita tresnani. Kita lumebet ing pandonga-pandonga pribadi ing salebeting manah kanthi nelangsani sadaya dosa-dosa punika.

(*Saget kairingan lelagon instrumèntalia. Sasampunipun kapenggalih cekap wekdalipun, PS nutup pandonga pangaken dosa*)

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 45:1-4)*

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.
- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS : Tampènana pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah:

“Sabab, menawa kowé padha ngapura kaluputaning wong, Ramamu ing swarga iya bakal ngapura marang kowé. Nanging menawa kowé ora ngapura marang wong, Ramamu iya bakal ora ngapura kaluputanmu.” (Mat. 6:14-15).

U : **Kawula samekta samidéné ngapunteni!**

--- umat sami ngaturaken salam Namaste sinambi ngucapaken
 “Katresnanipun Gusti nunggil kita sami”, sasampunipun
 punika saben warganing brayat samidéné apura
 ingapura ---

U : (sesarengan ngidungaken KPJ 316:1,2)

KPJ 316 BRAYAT KANG TINANGSULAN ING TRESNA

Do-G 4/4

- 1) Brayat kang tinangsulan ing tresna,
 tetales pitados mring Gusti,
 mesthi ayem tentrem lan raharja,
 atut rukun wah lestari,
 silih asah lan asih,
 silih asuh tan pamrih,
 temah adeging brayat puniki,
 nengsemken mring sesami.
- 2) Brayat kang tresnanira sejati,
 kados sihé Sang Kristus Gusti,
 Lung tinulung silih angladosi,
 tan nguja karsèng pribadi.
 Yèn bebaya anrajang,
 linawan sesarengan,
 temah adeging brayat puniki,
 nengsemken mring sesami.

--- umat lenggah ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga Paladosan Sabda

PS : (Ngonjukaken pandonga nyuwun panuntunipun Sang Roh Suci)

Pamaosing Sabda

Waosoan Kapisan:

L : (maos **Kaimaman 19:1-2,15-18**)
 Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Tanggapan:

L : (*maosaken utawi ngidungaken Jabur Masmur 1, saget kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih:

L : (**maos 1 Tésalonika 2:1-8**)

Makaten Sabdanipun Gusti Allah.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil:

L : Waosan Injilipun Gusti Yésus Kristus kapethik saking **Matius 22:34-46.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

Ingkang rahayu inggih punika priyantun ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti sarta ingkang ngèstokaken. Haléluia!

U : (*ngidungaken KPJ 468*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

Khotbah

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

PANGAKENING PITADOS RASULI

P/D: Sumangga kita sesarengan kaliyan Pasamuwanipun Gusti Allah ingkang tansah tinunggil déning Panjenenganipun, ngakeni iman kapitadosan kita kanthi ngidungaken KPJ 122 kanthi sukarena,

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 122*)
KPJ 122. KULA PITADOS

Do=G 4/4

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;
ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,
Gusti Pamarta kula.

--- *tanpa interlude* ---

- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci;

miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit
kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatyā:
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka

--- *tanpa interlude* ---

- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah
dhateng suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah
Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun
pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,
targinira para mati, kang sarta gesang baka.

--- *umat lenggah* ---

PANDONGA SYAPAAT

(*PS nuntun pandonga syapaat, kapungkasan kanthi ngidungaken utawi ngucapaken “Donga Rama Kawula”*)

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita caos sokur awit saking pangrimatipun Gusti Allah ing gesang kita. Raos sokur punika badhé kita wujudaken wonten ing pisungsung. Nyarengi ngaturaken pisungsung, sumangga kita ngènget-ènget Sabdanipun Gusti Allah ingkang badhé **kita waos sesareangan** saking **Kolosé 3:17** makaten,

U : (*sesareangan kaliyan P/D maos Kolosé 3:17 ngandhap punika.*)
**“Lan sadhéngah / apa kang koktindakaké /
 kalawan tembung / utawa kalawan panggawé, /
 iku kabèh lakonana / ing asmané Yésus, / kanthi
 saos sokur marang Allah, / Rama kita / lumantar
 Panjenengané.“**

U : (*sesareangan ngidungaken KPJ 184)*
KPJ 184 SOKUR AKANTHI TULUS

Do=A 4/4

Sokur akanthi tulus. Sokur Kang Mahasuci.

Sokur rahmat kang agung, Panebus kita.
 Sokur akanthi tulus. Sokur Kang Mahasuci
 Sokur rahmat kang agung, Panebus kita
 Mangkya kang ringkikh dadya rosa;
 kang miskin dadya sugih.
 Sihé Gusti dadya nyata, yekti.
 Mangkya kang ringkikh dadya rosa;
 kang miskin dadya sugih.
 Sihé Gusti dadya nyata, sokur.

--- *umat jumeneng* ---

Pandonga Pisungsung

P/D: (*nuntun pandonga pisungsung*)

PANGUTUSAN

U : (*sesarengan ngidungaken KPJ 321:1, 3, 4*)
 KPJ 321 KULAWARGA KANG RAHAYU

Do=A 9/8

- 1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi
 srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthi.
Reffrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
 dé karsa nuntun salaminya;
 sakathahing urmat wah pamuji
 tansah sumengka ing ngarsanya.
- 3) Kulawarga tetep panggah, lamun Gusti kang ngayomi;
 jroning susah dalah bungah, datan pegat ngrimati.
Reffrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
 dé karsa nuntun salaminya;
 sakathahing urmat wah pamuji
 tansah sumengka ing ngarsanya.
- 4) Dhuh Roh Suci mugi rawuh, angèbeki tyas kawula
 amrih kula tansah tangguh mujudaken sih-tresna.
Reffrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
 dé karsa nuntun salaminya;
 sakathahing urmat wah pamuji
 tansah sumengka ing ngarsanya.

- PS : Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.
 U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
 PS : Dadosa seksinipun Sang Kristus!
 U : **Puji sokur konjuk dhumateng Gusti Allah.**
 PS : Pinujia Gusti Allah kita.
 U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

BERKAH

- PS : Samangké, tampènana berkahipun Gusti Allah:
 “Muga-muga Allah, etuking pangarep-arep, menuhi kowé (kita) kabèh kanthi sakèhing kabungahan sarta tentrem-rahayu ing sajroning pracayamu (kita), supaya marga saka sawabé Roh Suci, kowé (kita) nduwèni lubèring pangarep-arep.”

- U : **Amin!**
(sesarengan ngidungaken KPJ 326:1, 4)
 KPJ 326 PUNIKA BRAYAT KULA

Do=D 4/4

- 1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.
 Sinten dados tanggelan? Namung Pangéran pribadi.
 Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
 temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

- 4) Sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,
 ngantos dados panutan, tumraping brayat sembada.
 Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
 temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

--- *umat lenggah, lumebet ing wekdal ening,
 ndedonga pribadi, lajeng bibaran ---*

[gas-den]





PANYURAOS SABDA ADIYUSWA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu
dipun olah malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*



BINGAH ING SALEBETING SISAH

**PANYURAOS SABDA
ADIYUSWA I**

Waosan Kitab Suci: **Lelakoné Para Rasul 16:19-34.**

PURWAKA

Kanyataning gesang kala mangsanipun mboten kados ingkang kita penggalih. Punapa wonten ing antawis kita ingkang naté nggadahi penggalihan pinten-pinten wulan kedah kèndel wonten nggriya amargi pageblug Covid-19? Punapa wonten ing antawis kita ingkang amargi bab umur sarta kasarasan kita mboten saget ngibadah ing gedhong gréja ing wekdal ingkang sawetawis dangu? Punapa ingkang kelampahan, mirungganipun ing mangsa pageblug Covid-19, mboten naté dipun nyana-nyana sakdérèng-ipun. Ananging makaten punika kanyatan ingkang kedah kita lampahi, sinaosa temtu mboten ngremenaken.

Panyuraos Sabda Adiyuswa wekdal punika ngaturi para adiyuswa ingkang rawuh ing Panyuraos Sabda kanggé tansah bingah lan nggadhahi pangajeng-ajeng salebetipun ngadhepi kanyatan éwah-éwahaning gesang ingkang awujud punapa kémawon, kalebet nalika para adiyuswa kedah ngadhepi kasangsaran.

SINAU SAKING TEKS

Tindakipun Rasul Paulus ing wekdal punika dipun-lampahi kanthi greget ingkang makantar-kantar, awit dipun-lampahi sasampunipun parepatan ing Yérusalém ingkang sampun temtu ngajrih-ajrihi amargi kawiwitan kanthi pasulayan (Para Rasul 15). Wonten ing tindakipun punika, Rasul Paulus kanthi kebak

kabingahan masrahaken asiling putusan parepatan ing Yérusalém ingkang dipun rawuhi déning para rasul sarta para pinisepuh dhateng pasamuwan-pasamuwan ingkang dipun rawuhi (Para Rasul 16:4).

Nalika saweg dlajahi kitha Filipi, mboten kanyana Rasul Paulus mrangguli batur wadon ingkang dados juru-tenung – ingkang mboten kasebataken punapa pawadanipun – ngetutaken tindakipun Rasul Paulus sarombongan saking wingking. Lelampahan ingkang makaten punika katindakaken ngantos pinten-pinten dinten, sarta sareng karaosaken ngganggu damel, ngantos Rasul Paulus nundhung késah roh tenung saking batur wadon punika (Para Rasul 16:16-18). Tumindakipun Rasul Paulus punika sampun temtu mboten dipun-remeni déning para bendaranipun batur wadon ingkang dados juru tenung wau, amargi pangajeng-ajengipun pikantuk kauntungan saking juru tenung punika kirang sanget. Temahan para bendaranipun juru tenung punika nangkep Rasul Paulus lan Silas (19). Kanggé damel pawadan supados tumindak nangkep punika sah, para bendaranipun juru tenung wau nyebaraken pitenah kanthi nglairaken pandakwa bilih Rasul Paulus lan Silas sampun damel ributipun kitha ngriku (ayat 20). Sasampunipun ngalami siksan, Rasul Paulus lan Silas tumunten kabekta sarta kajeblosaken dhateng pakunjaran (ayat 23). Makaten, anggènipun tindakan sekawit ngremenaken amargi martosaken asiling putusan parepatan Yérusalém, dados risak babar pindhah.

Wonten ing pakunjaran, ing satengahing kawontenaning badan ingkang tatu, perih, lan sakit, Rasul Paulus lan Silas kapapanaken wonten ing kamar tengah kajagi kanthi ketat. mBoten namung punika, priyantun sakelorон punika ugi dipun belok sukunipun (ayat 24). Badan tatu, suku dipun-belok, sarta kapapanaken ing kamar pakunjaran ingkang kajagi ketat, saèstu satunggaling kawontenan ingkang nrenyuhaken sanget. Ananging, punapa ingkang katindakaken Rasul Paulus lan Silas? Punapa Rasul Paulus lan Silas manahipun sisah lan surem amargi kawontenan punika? mBoten! Ing kawontenan kados makaten, Rasul Paulus lan Silas tetep ndedonga sarta ngidungaken pamuji sokur (ayat

25). Kita saget mbayangaken, Rasul Paulus lan Silas ndedonga lan ngandika sarta ngidungaken pamuji sokur kanthi grengseng. Kénging punapa Rasul Paulus lan Silas tetep saget ndedonga lan ngidungaken pamuji sokur dhumateng Gusti Allah? Ing ngriki kita sinau bilih ingkang mbédakaken manungsa mboten wonten ing bab kasangsaran ingkang dipun adhepi, ananging kadospundi tiyang-tiyang punika nggadhahi sikap tumrap kasangsaran.

Tumrap sikap ngadhepi kasangsaran, kita saget sinau saking satunggaling *psikiater* (ahli ing babagan jiwaning manungsa) ingkang kapeksa gesang ing *kamp konsèntrasi* (papan panggemblèngan) ing Jerman nalika jamanipun Hitler, asmanipun Viktor E. Frankl. Sesarengan kaliyan priyantun tedhak turunipun tiyang Yahudi sanèsipun, piyambakipun ugi ngraosaken dipun-pilara ingkang mboten saget kaétang. mBoten sekedhik kancakanipun kécalan greget sarta tilar donya ing salebeting kawontenan tanpa daya ingkang lebet sanget. Ananging prakawis punika mboten tumama dhateng Frankl. Piyambakipun lestantun nindakaken punapa ingkang saget katindakaken kanthi sakatoging kekiyatanning badan, ngantos salajengipun piyambakipun dipun-biyantokaken ngrimati tiyang-tiyang sakit. Salah satunggal sumbering kekiyatnipun dipun-lairaken Frankl kanthi ukara, “Kita mboten prelu ngajeng-ajeng satunggaling bab saking gesang, kosokwangslipun, kajengipun gesang ingkang ngajeng-ajeng satunggaling bab saking kita.” Ukara punika maringi kakiyatanning badan ingkang prayogi kanggé Frankl. Amargi gesang punika taksih mbetahaken karawuhanipun, mila piyambakipun mbudidaya nindakaken punapa kémawon kanthi saksaé-saénipun kanggé gesang punika. Pengalamanipun punika salajengipun dipun andharaken wonten ing satunggaling buku misuwur ingkang nggadhahi jejer *Man's Search for Meaning*. Wonten ing bukunipun punika, Frankl ugi ngèngetaken bilih kita mboten saget ngendhalèni punapa ingkang kelampahan ing gesang kita, ananging kita saget ngendhalèni gesang kita salebetipun ngadhepi punapa ingkang kalampahan ing gesang punika. Ing ngriki wigatosipun kita manggihaken maknaning gesang kita.

Menawi ngginakaken pamawasipun Frankl, kita saget nginten kénging punapa Rasul Paulus lan Silas taksih saget ndedonga lan ngidungaken pamuji, sinaosa wonten ing kawontenan nandhang sungsara. Wangsulanipun amargi priyantun sakeloron punika sampun manggihaken maknaning gesangipun ing salebetipun Gusti Yésus Kristus. Pitepunganipun kaliyan Gusti Yésus ngéwahi saranduning lampah gesangipun priyantun sakeloron punika. Makna punika dipun lairaken déning Rasul Paulus salah-satunggalipun kanthi ngandika bilih: “Awit mungguh ing aku urip iku Kristus, déné mati iku kabegjan.” (Fil. 1:21).

Kita ugi saget nginten bilih nalika Rasul Paulus lan Silas ndedonga lan ngidungaken kidung pamuji, Rasul Paulus lan Silas nindakaken kanthi tulusing manah mboten kanggé nylamur raos sakit utawi ngajeng-ajeng énggal luwar saking pakunjaran ingkang nggegirisi punika. Panginten punika ketingal lumantar lelampahan mukjijat lindhu ageng dumados sekedhap sanget sasampunipun Rasul Paulus lan Silas ndedonga lan ngidung. Kawusananing lindhu punika, kontening pakunjaran sami menga, lan ranté ingkang blenggu pasakitan sami ucul (26). Ananging, para pasakitan mboten mlajar. Rasul Paulus lan Silas mboten migunakaken wekdal wengan punika kanggé medal utawi mlajar saking kasangsaran ingkang saweg kasandhang. Malah Rasul Paulus lan Silas mbiyantu panggedhéning pakunjaran ingkang ajrih nampi ukuman amargi pasakitanipun – manut pamanggih-ipun – sami mlajar. Ing ngriki kita manggihaken maknaning gesang sanèsipun saking Rasul Paulus, ingkang mujudaken kalajenganing maknaning gesang kalawau. Pangandikanipun Rasul Paulus, “Nanging menawa aku kudu urip ana ing donya iki, iku tumraping aku ateges nyambut-gawé ngetokaké woh. Dadi endi kang kudu dakpilih, aku ora ngerti.” (Fil. 1:22).

PITAKÈN PANYURAOS:

- Gesang mboten naté uwal saking kasangsaran. Kasangsaran punapa ingkang saweg kita adhepi wekdal punika?
(Kanggé mangsuli pitakénan punika, menawi gunggungipun ingkang rawuh Panyuraos Sabda kathah, saget kapantha dados pepanthan-pepanthan alit kanggé ngrembag tuwin andum

pengalaman ngadhepi kasangsaran utawi geguletan ingkang saweg karaosaken.)

- Sadaya ingkang rawuh ing kempalan panyuraos Sabda kasuwun wangsul dhateng kempalan panyuraos sekawit (kempalan ageng). Sawetawis priyantun ingkang rawuh ing kempalan panyuraos punika kasuwun maringi wangsulan dhateng pitakénan: Menawi ketaman kasangsaran, punapa ingkang padatan katindakaken?
- Kasangsaran punapa ingkang saweg dipun alami déning Rasul Paulus lan Silas? Punapa Rasul Paulus lan Silas sampun nginten kasangsaran punika badhé tumanduk ing gesangipun?
- Punapa ingkang dipun-tindakaken Rasul Paulus lan Silas nalika kasangsaran punika nempuh gesangipun? Kénging punapa Rasul Paul lan Silas saget nindakaken pandamel punika?
- Punapa ingkang saget kita sinau saking caranipun Rasul Paulus lan Silas ing salebetipun ngadhepi kasangsaranipun piyambak-piyambak?

[asp-den]





**PANYURAOS SABDA
ADIYUSWA II**

MAKUTHA KANG ÉNDAH

Waosan Kitab Suci: **Wulang Bebasan 16:31**

PURWAKA

Tetengeripun umur ingkang saya sepuh, salah satunggalipun inggih punika rikma ingkang ketingal saya pethak. Temtu kémawon mboten sadaya tiyang ingkang sepuh yuswanipun samesthinipun dados pethak rikmanipun. Kathah tiyang ingkang yuswanipun sepuh ananging nggadhahi rikma cemeng. Makaten ugi mboten sadaya tiyang ingkang pethak rikmanipun, sampun sepuh yuswanipun. Kanggé wekdal sapunika, ugi wonten priyantun ingkang ngudi nutupi rikmanipun ingkang sampun pethak kanthi cara mulas rikmanipun. Temtu tumindak ingkang makaten kénging kémawon, sadangunipun mboten ngganggu kasarasan. Rak kathah ta priyantun ingkang mboten karsa kasebat sepuh?

Ingkang nengsemaken, rikma pethak kaparingan pakurmatan ing Kitab Suci ngantos dipun-samèkaken kaliyan makutha. Panyuraos Sabda Adiyuswa wekdal punika, ngajak para adiyuswa ingkang dhèrèk ing panyuraos punika kanggé ngémut-émut bilih makutha ingkang éndah ingkang pinanggih ing sangginggiling mastaka mboten sadrema amargi yuswanipun sepuh, ananging amargi gesang ingkang sampun dipunlampahi ing salebeting kaleresan.

SINAU SAKING TÈKS

Wulang Bebasan punika kitab piwulang. Isinipun awujud kempalan pangandikan-pangandikan utawi pitutur-pitutur wicaksana. Pangandikan-pangandikan utawi pitutur-pitutur wicaksana punika ngewrat bab-bab utawi pitedah ingkang gampil cak-cakanipun lan maédahi tumrap gesangipun manungsa. Déné ingkang dipun sedya tumrap panyerating Kitab Wulang Bebasan punika kaserat ing Wulang Bebasan 1:2-4, inggih punika:

“kanggo nyumurupi kawicaksanan lan pamerdi, supaya mangreti marang tembung-tembung kang ana maknané, kanggo nampani pamerdi kang marakaké pinter, sarta kabeneran, kaadilan lan kejujuran, kanggo awèh kalantipan marang wong kang ora duwé pangalaman, sarta kawruh lan kawicaksanan marang wong anom; --”

Amargi Sang Prabu Suléman asring kasebat minangka tiyang ingkang wicaksana (kcn. 1 Para Raja 3:9-12), mila asring Wulang Bebasan dipun-gayutaken kaliyan Sang Prabu Suléman, ngantos wonten priyantun ingkang nyebat kitab punika kanthi nami *Amsal Salomo* utawi Bebasan anggitanipun Suléman. Sampun temtu mboten sadaya Bebasan punika dipun anggit déning Suléman. Wonten ing kitab Wulang Bebasan piyambak kita manggihaken wontenipun asma-asma kadosta Lemuél, Agur, lan sanès-sanèsipun. Dados, mboten sadaya pangandikan wicaksana ing Kitab Wulang Bebasan asalipun saking Sang Prabu Suléman.

Tèks Kitab Suci ingkang kita waos raosipun sampun dipunapalaken déning tiyang-tiyang Kristen, mirungganipun *warga senior* utawi adiyuswa. Pancèn tèks punika ngrembag bab rikma pethak, ananging mboten namung manut tembung-tembungipun. Tegesipun, mboten sadaya rikma pethak punika sami kaliyan “makutha kang éndah”. Wonten ing pertal Kitab Suci mawi Basa Padintenan (KSBJP), tèks punika (Wulang Bebasan 16:31) dados nengsemaken. Pertalipun makaten: “Umur dawa kuwi ganjarané wong sing mursid lakuné, rambut putih minangka makuthané.” Saking pertal punika kita saget mangertosi bilih rikma pethak sami kaliyan yuswa ingkang panjang. Wonten ing Kitab Suci, yuswa ingkang panjang punika peparingipun Gusti

Allah. Minangka conto, angger-angger ingkang kaping gangsal saking Angger-angger Sadasa Prakawis nélakaken: “Sira ngajènana bapa-biyungira, supaya didawakna umurira ana ing tanah peparingé Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahira marang sira.” (Pangentasan 20:12). Kula aturi nggatosaken ukara “supaya didawakna umurira”. Dados tiyang ingkang netepi angger-anggeripun Gusti Allah badhé kaganjar kanthi berkah arupi yuswa ingkang panjang.

Punapa sadaya tiyang ingkang yuswanipun panjang ngraosaken berkah lumantar yuswanipun ingkang panjang? Sampun temtu mboten sadaya. Awit kita mangertos saèstu bilih mboten sadaya tiyang ingkang yuswanipun panjang punika rahayu utawi begja. Menawi makaten, mila mboten sadaya tiyang ingkang yuswa sepuh ngagem makutha ingkang éndah. Ugi wonten ingkang malah rumaos kados ngagem makutha eri, pralambanging kasangsaran amargi ing yuswanipun ingkang panjang tiyang punika mboten ngraosaken kabingahan.

Kadospundi caranipun supados saget ngagem makutha ingkang éndah punika ing wekdal umur kita sepuh? Kitab Wulang Bebasan nélakaken caranipun inggih punika kanthi nindakaken kaleresan (Kitab Suci Teks Perjanjian Lama Jawa 1981) utawi mursid/jujur (KSBJP: Kitab Suci mawi Basa Jawi Padintenan). Tembung kalih punika pertalan saking basa Ibrani *tsedegah* (*tsedeg*, *tsadig*). Tembung punika saget dipuntesesi kaleresan, kaadilan, sarta kajujuran. Kaleresan ingkang dipunkersakaken ing ngriki mboten namung kaleresan ingkang gegayutan kaliyan piwulang (*ortodoksi*) ananging ugi tumindak (*ortopraksi*). Dados tiyang ingkang pikantuk ganjaran kabingahan ing wekdal rikmanipun dados pethak inggih punika tiyang ingkang gesangipun nindakaken pandamel-pandamel kaleresan, kaadilan, tuwin kajujuran. Tiyang-tiyang ingkang pandamelipun kados makaten wau ingkang pantes pinaringan makutha ingkang éndah.

Kita temtu émut ukara wicaksana ingkang ngendikakaken: “mBoten wigatos sapinten panjangipun umur kita, ananging wigatos sanget kanggé nindakaken kaleresan ing yuswa ingkang

kita lampahi". Saking ukara wicaksana punika, mila kita saget ngandika bilih ingkang wigatos mboten sapinten panjangipun umur kita. Émuta kita saweg adu panjang-panjangan umur. Ingkang badhé kita ngendikakaken inggih punika, menawi Gusti Allah maringi kita tambahan umur, punika ateges Gusti Allah saweg maringi wewengan kanggé kita makarya ing salebetung gesang. Wewengan punika berkahipun Gusti Allah ingkang prelu kita isèni kanthi nindakaken kaleresan.

SINAU SAKING LILLIAN WEBER

Umur mboten dados pepalang kanggé saget nindakaken satunggaling prakawis kanggé tiyang sanès. Karana nindakaken kabecikan mboten tepang kaliyan watesan yuswa. Laré alit ngantos priyantun ingkang sampun sepuh yuswanipun saget nindakaken kabecikan jumbuh kaliyan kesanggemanipun.

Kados ingkang dipun tindakaken satunggaling nini-nini ingkang sampun yuswa 99 taun punika, ing yuswanipun ingkang sampun mèh satunggal abad, nini Lillian Weber nindakaken kabecikan saben dintenipun kanthi nggreji utawi njait rasukan kanggé para laré ingkang mbetahaken. Nini Lillian Weber nindakaken pandamel punika supados para laré kasebat nggadhahi rasukan ingkang éndah dipun-agem. Punapa mboten mulya sanget punika?

Saben dintenipun nini Lillian Weber njait piyambak satunggal *dress* utawi rok/sayak kanggé laré èstri. mBoten namung sadrema ndamel, nini Lillian Weber ingkang saé manahipun punika ugi mesthèkaken rok damelanipun mirungan sarta bènten kanggé saben laré.



WQAD-TV

Rok-rok éndah damelanipun nini-nini Lillian.

“mBoten namung ndamel rok-rok punika, piyambakipun ugi nambahi satunggaling reronce ing pérangean ngajeng, kanggé ndamel supados ketinggal mirunggan,” makaten aturipun putrinipun, Linda, kados ingkang dipun-wartosaken *Huffingtonpost.com*.

Rasukan-rasukan éndah damelanipun nini Lillian Weber dipun-dumugèkaken dhateng laré-laré èstri ing Afrika lumantar *program* utawi rancangan ingkang badhé katindakaken ‘*Dres Untuk Afrika*’ ingkang badhé ndumugèkaken dhateng laré-laré yatim sarta pawiyatan-pawiyatan ing Afrika. *Program* punika dipun-tumuti déning kathah priyantun ingkang sampun sepuh yuswanipun 80 taun minggah sarta ngempalaken 2,5 yuta rok ingkang sampun dipun-dumugèkaken dhateng 47 negari ing Afrika sarta negari ing buwana Amérika ingkang mbetahaken.

Sanadyan ing wulan Mèi taun ngajeng piyambakipun badhé ngriyayakaken kalairanipun ngancik yuswa kapung 100, nini Lillian Weber ngandika bilih piyambakipun mboten badhé kèndel sarta kepéngin njait 1000 rok.

“Nalika aku wus olèh 100 rok, menawa kuwat, aku ora arep mandheg,” makaten aturipun, “Aku arep nerusaké manèh.”

Sumber:

<https://www.fimela.com/lifestyle-relationship/read/3739513/usia-hampir-seabad-bukan-halangan-bagiku-berbuat-baik-setiap-hari>

PITAKÈN PANYURAOS:

- Punapa ingkang nuwuhaken raos bombong saking rikma pethak ingkang dipun gadhahi déning *warga senior* utawi adiyuswa?
- Kenging punapa Kitab Suci ngandika bilih rikma pethak punika kadya makutha ingkang éndah?
- Kaleresan kadospunapa ingkang dipun kersakaken wonten ing Wulang Bebasan 16:31?
- Ilham punapa ingkang saget dipun-sinau saking nini Lillian Weber?
- Punapa ingkang badhé kita lampahi sadangunipun taksih kaparingan wekdal wengan – taksih kepareng gesang ing alam donya punika – déning Gusti Allah?

[asp-den]





PANYURAOS SABDA BRAYAT

*Minangka satunggaling bakalan, punapa
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu
dipun olah malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*



**PANYURAOS SABDA
BRAYAT I**

MULANGAKEN KATRESNAN

Waosan Kitab Suci: Purwaning Dumadi 27:1-17

PANUNTUN

Balé griya limrahipun kadhapuk déning punapa ingkang sinebat katresnan. Sternberg ing pasinaonipun psikologis bab katresnan nyebataken bilih ing salebetung katresnan wonten komponen tiga ingkang utami, inggih punika semangat/*gairah* (*passion*), keintiman (*intimacy*), lan komitmen (*commitment*). Bab punika ingkang damel katresnan ngangah-angah damel gesang karaos béda. Komunikasi ingkang saé lan anget, kawigatosan, lan saklajengipun kraos sanget. Mawaning katresnan sangsaya kiyat nalika neningkahan dipun gelar. Ananging, saklajengipun, punapa katresnan ingkang mekaten punika badhé tansah ngangah-angah? Pinten kathahipun pasangan ingkang lajeng dados asrep, malah tansah ribut kados segawon lan kucing?

Cariyos balé griyanipun Iskak lan Ribka dados conto kasus ingkang nyata sanget tumrap kita wekdal punika. Nalikanipun tiyang sepuh kirang nggengesang katresnan, akibatipun dipun raosaken déning para laré. Awit saking punika, ing satengahing brayat, saben tiyang prelu nggegesang katresnan lan mulangaken katresnan lantaran sisah-bingahing gesang bebrayatan.

Panyuraos Sabda (PS) punika karacik kanthi metodhe *Shared Christian Praxis* (Berbagi Praksis Kekristenan) ingkang damel sedaya warganing brayat saged tumut rerembagan. Menawi prelu,

Guru Sekolah Minggu saged kasuwun mbyantu mitulungi para laré ingkang ndhèrèk ing PS punika.

TUMINDAKING PS

1. Katresnan ing Pengalamanku

Para rawuh kaaturan kertas lan alat tulis. Para rawuh kaaturan damel simbol pengalaman katresnipun awujud gambar, coret-coretan, utawi pitembungan ingkang ngemu makna. Ing kelompok kategori umur, para rawuh kasuwun nyariyosaken makna simbol ingkang kadamel, kawiwitan saking laré.

2. Katresnan ana ing Pangarep-arepku

Para rawuh kaaturan pitakènan:

- Punapa maknaning tresna ing gesangipun.
- Kados pundi para sedhèrèk sami ngraosaken tresna ing satengahing brayat.
- Punapa ingkang katindakaken kanggé nélakaken katresnani-pun.

(Pembimbing saged mbiyantu, mliginipun para laré supados saged mangsuli pitakènan-pitakènan punika.)

3. Katresnan ing brayatipun Iskak-Ribkah

(Menawi angèl anggènipun nerangaken dhateng para laré sacara prasaja, ing pérangan punika para laré kapisah lan katrangaken déning para Guru Sekolah Minggu).

Iskak punika laré ingkang dangu kaajeng-ajeng déning Abraham lan Sarah. Iskak tuwuhan satengahing brayat ingkang nresnani piyambakipun. Ngantos Iskak dados laré ingkang saé, mbangun miturut, nindakaken tugasipun lan sumuyud dhateng tiyang-sepuhipun. Iskak ugi nresnani tiyang-sepuhpun, ngantos nalika Sarah kapundhut, piyambakipun nangis tigang taun dangunipun (PD. 24:67). Minangka anak ontang-anting, Iskak marisi kasugihanipun Abraham (PD 24:35-36).

Kados padatan ingkang wonten nalika semanten, Iskak ugi kapanodosaken jodho déning bapakipun. Bapakipun madosaken kanca

gesang ingkang paling “saé”, kados ingkang kacariyosaken ing Kitab Suci, ”Nanging kowé menyanga tanah asalku lan ing panggonané kulawargaku nggolèkna jodho anakku Iskak” (PD. 24:3-4). Sacara *bobot, bibit, bebet*, Ribkah punika pasangan ingkang cocog tumrap Iskak. Punapa malih pilihan punika dipun tetepaken déning Gusti piyambak (PD. 24:15-20). Iskak ugi sanget anggènipun nresnani Ribkah temah kalipur manahipun awit sisah katilar déning ibunipun (PD. 24:67).

Sairing lumampahing wekdal, lampahingneningkahan punika dados amem/tawa. Bab punika tetéla ing wekdal-wekdal salajengipun, upaminipun ketinggal tumanduking katresnan ing béda dhateng anak-anakipun. Gesang neningkahan ingkang amem/tawa mboten awit anggènipun sami mboten andon katresnan malih. PD 26:8 nyerat bilih Iskak ngrungrum Ribkah. Saged ugi ameming/tawaningneningkahan punika awit mboten wontenipun anak. Inggih bab punika ingkang mbereg Iskak ndedonga dhumateng Gusti kanthi temen-temen, ”Anadéné Rama Iskak ndongakaké garwané marang Sang Yehuwalah, amarga kang garwa iku gabug; lan Sang Yehuwalah nyembadani panyuwuné, temahan ibu Ribkah garwané banjur nggarbini (PD 25:21).

Ananging, nalika sami kaparingan putra brayat punika tetep amem/tawa. Tegesipun, masalah anak sanès masalah ameming/tawaning brayatipun Iskak punika. Saged ugi ingkang dados jalanan inggih punika komunikasi. Ing antawisipun Iskak lan Ribkah mboten sami tinarbuka. Ribka nggadhahi kapribadèn ingkang kebak ing greget lan remen gineman. Iskak kosok wangslipun, nggadhahi wewatekan anteng lan angèl dipun ajak gineman. Kalih wewatekan punika mboten saged dipun jembatani kanthi saé.

Nalika Ribkah ngandheg lan ngalami karépotan awit anakipun kembar, Iskak kirang sanget anggènipun nulungi, temah Ribkah nyuwun pitulunganipun Gusti. Gusti paring wangslulan dhateng Ribkah wonten ing PD. 25:23. Awoning rélasi ing antawisipun Iskak lan Ribkah katengeran wontenipun tumindak ingkang béda dhateng anak-anakipun. Kados ingkang asring kelampahan nalikanipun jaler lan èstri nggadhahi rélasi ingkang awon, anak-

anak asring dados korban. Iskak lan Ribkak dadosaken larè-larènipun minangka lintuning sesambetanipun ingkang kothong. Kitab Suci nyathet, "Anadènè Rama Iskak iku asih marang Ésap, marga remen dhadar daging kewan bedhagan, nanging Ibu Ribkah ngasihi Yakub" (Kej. 25:28). Rélasinipun Iskak lan Ribkah sangsaya ketingal awon. Tetèla wontenipun patrap ingkang samidènè anggénipun mentingkaken dhiri pribadi lan mboten preduli dhateng pasanganipun. Yakub, ingkang dipun sengkuyung déning Ribkah, nyolong hak pambajengipun Ésap. Dredah ing antawisipun Yakub lan Ésap lumampah ing wekdal ingkang dangu minangka kawusaninaning sesambetan ingkang mboten saé ing antawisipun tiyang-sepuhipun. Saged kawastanan, pucaking konflik punika kacathet ing PD 27:1-17 (teks Kitab Suci kawaos sacara gilir-gumantos).

4. Ngraos-raosaken Bab Katresnan

- Punapa panjenengan pitados wontenipun pitembungan bilih tresna punika tumindak? Punapa tumindaking tresna prelu dipun ketingalaken ing satengahing brayat?
- Punapa wohing tresna ingkang paling alit ing satengahing brayat?
- Sinten ingkang saged mulihaken tresna? Kanthi cara punapa?
- Sinau saking waosan kita, punapa ingkang kedahipun katindakaken déning tiyang ingkang sesémahan kanggé nuwuhaken tresna?

5. Tresna ing Salebetting Aksi

Saben brayat ngempal lan ngrembag punapa ingkang badhé katindakaken kanggé nélakaken tumindaking tresna ing satengahing brayat. Wohing pirembagan saged kaandharaken sacara kréatip awujud pepujen, yèl-yèl brayat, utawi sanèsipun.



SANGSAYA SEPUH SANGSAYA TRESNA

PANYURAOS SABDA
BRAYAT II

Bahan Kitab Suci: Masmur 92:13-16

PANUNTUN

Kacariyos wonten tiyang ingkang gadhah pamanggih sangsaya dangu gesang ningkahan, relasi namung dados kados kanca. Temtu prelu dipun pahami rumiyin punapa maknaning kanca. Menawi kanca punika kados memitran biasa, upaminipun kados kita kaliyan tetanggi utawi kanca peladosan gréja, ningkahan punika dados bab ingkang mboten nengsemaken. Sangsaya dangu umuring ningkahan mesthinipun sangsaya kaparingan kasagedan kanggé nyocogaken dhiri lan gesang sesarengan murih gesang raharja? Sangsaya dangu pasangan ningkahan, sangsaya kathah pengalaman ingkang aos ingkang saged dipun ginakaken kanggè njagi ningkahan tetep tentrem raharja?

Panyuraos Sabda (PS) punika kadamel srana metodhe *Shared Christian Praxis* (Berbagi Praksis Kekristenan) ingkang saged ngajak sedaya unsur ing brayat. Supados sangsaya nengsemaken, ing PKS punika wonten satunggaling brayat kanthi umur ningkahan cekap panjang ingkang saged dipun ulemi kanggé andum pengalamanipun ingkang aos.

LAMPAHING PS

1. Umuring Bebrayatan

PS punika kawitan srana mirengken pengalamanipun brayat ingkang umuring ningkahanipun sampun cekap dangu. Prayogi

menawi putra, mantu, lan wayah kadhawuhan dhateng. Supados langkung ngresepaken, metodhe andum pengalaman saged kadamel kanthi wujud wawanwicara kaliyan *host* (pranata adicara) ingkang saged damel swasana *cair* (grengseng). Pitakènan ingkang kaajengaken bab ingkang gegayutan kaliyan:

- Pengalaman paling nyedhihaken lan mbingahaken ing ningkah.
- Bab punapa ingkang damel pasangan punika tetep andon katresnan dumugi sapriki.
- Punapa putra, mantu, wayah ningali lan ngraosaken katresnan punika.
- Kaaturan nambah pitakènan sanèspun.

2. Pangrarep-arepku ing bab Katresnan

Ingkang rawuh kapantha-pantha ing kelompok alit (3-4 tiyang) adhedhasar kelompok umur ngrembag pengalaman gesangging katresnan ing satengah brayat kanthi panuntun:

- Kagem pasangan pasutri: Punapa wonten bédaning katresnan ing wiwitaning ningkah lan wekdal sapunika? Wontenipun katresnan ingkang béda punika langkung ngremenaken punapa kosokwangslipun?
- Kanggé para aném: tuladha tresna punapa ingkang dipun tampi saking brayatipun.
- Kanggé para laré: punapa ingkang katindakaken nalika tiyang-sepuhipun sami ribut? Punapa raosipun nalika sami nyipati tiyang-sepuhipun ketingal supeket sanget (*mesra*)?

(Wangsulan saged dipun serat ing kertas lan katempel ing témbok)

3. Sangsaya Sepuh Sangsaya Ndados

(Menawi angèl anggènipun nerangaken dhateng para laré sacara prasaja, ing pérangan punika para laré kapisah lan katrangaken déning para Guru Sekolah Minggu)

Maos Masmur 92:13-16

Menawi wonten ingkang naté mirsani wit kurma utawi wit èrès kasuwun nerangaken wit punika. Menawi mboten wonten, saged migunakaken gambar/foto.

Wit kurma lan wit èrès punika wit ingkang tuwuhaning Timur Tengah. Miturut informasi, wit kurma inggilipun saged ngancik 10-20 meter. Wangunipun kados wit palem. Lempeng kanthah ronipun ing pérangan nginggil. Wit kurma kawentar awit wohipun. Ing Indonésia, kita saged mrangguli ngajengaken siyam. Kacariyos woh kurma punika nggadhahi munpanjang kathah sanget kanggé kasarasaning manungsa.

Wit èrès kados wit cemara. Wit èrès kawentar awit nggadhahi kajeng ingkang saé, temah saged kaginakaken kanggé kabetahaning manungsa. Kajeng èrès dipun anggé ritualing agami Yahudi (Up. Wil. 19:6). Kajeng èrès kathah dipun agem déning raja Salomo nalika mbangun Padaleman Suci (1 P. Raja 6).

Wit kalih punika asring dipun anggé ing Kitab Suci kanggé nggambarkan bab-bab ingkang saé. Wit kurma upaminipun asring dipun anggé minangka gegambaran tiyang ingkang gesangipun lempeng, awit witipun lempeng. Wit èrès upaminipun asring dipun anggé minangka gegambaranipun tiyang-tiyang ingkang karenan déning Gusti.

Mbokbilih ugi kita saged mbandhingaken kaliyan wit ingkang asring dipun anggè kanggè nggambarkan kasaènan ing Indonésia. Salah setunggalipun, minangka conto kèmawon, wit ringin. Wit punika asring dipun anggè minangka lambang ngayomi.

Wit-wit punika sangsaya migunani nalika sangsaya sepuh. Wit ringin alit, namung dados rerenggan, bonsai. Mboten kanggé ngayomi. Wit kurma ingkang enèm dèrèng saged awoh kathah lan éca. Wit èrès, kados wit jati, sangsaya sepuh sangsaya awis.

Malah gegambaran punika nélakaken bilih ing Kitab Suci tiyang-sepuh dipun urmati sanget. Kados wit èrès lan wit kurma. Ing wanci sepuhipun taksih tetep awoh, lema lan seger. Lema punika gegambaran kasuburan ing wekdal semanten.

Gegambaran punika ndudut manah menawi kita gandhèngaken kaliyan gesangging brayat. Kathahipun brayat ingkang risak awit mawarni-warni prekawis, punika satunggaling kasunyatan. Sangsaya dangu umuring neningkahan dèrèng temtu sangsaya raharja.

Para pasangan ingkang umuring neningkahanipun sangsaya panjang, èngeta bilih Gusti maringi wewengan dhateng kita supados awoh. Wohipun wonten ing pengalaman lan ing tutuk. Inggih punika, martosaken bilih Gusti punika leres, bilih "Panjenengané iku peparangku kang adoh saka ing laku cidra."

Asung paseksi déning pasangan ingkang cekap dangu umuring neningkahanipun padatanipun dados langkung migunani. Punapa sebabipun? Amargi tiyang-sepuh sampun ngalami asem lan uyahing gesang. Para tiyang-sepuh sampun ngalami kathah bab ing gesang punika temah nalika paseksi ing bab pangrimating Gusti punika leres, punika sanès namung paseksining lathi, sanès jaréné, nanging adhedhasar paseksining gesangipun.

Kita saèstu saos sokur, menawi ing patunggilan kita wonten ingkang maringi paseksi. Kita saos sokur, awit para sepuh sami maringi tuladha saé kanggé kita. Iba kita mbetahaken tiyang-sepuh ingkang saged maringi paseksi ingkang leres. Awit gesang neningkahan sapunika kathah dipun risak déning praharaning gesang. Génerasi sapunika mbetahaken pambereg, tuntunan, malah pecut. Saking pundi? Salah satunggalipun saking tiyang ingkang kaparingan déning Gusti umur neningkahan ingkang panjang. Ing ngriki kita sinau nyeksèni kiyating katresnan lan tuntunaning astanipun Gusti ingkang ngédab-édabi.

4. Aku Sangsaya Tresna

- Punapa panjenengan prihatos kaliyan gesangging neningkahanipun tiyang-tiyang kristen sapunika?
- Punapa wohing brayat ingkang mosak-masik mliginipun tumrap para laré?

- c) Peran wigatos punapa ingkang saged kaparingaken déning pasangan ingkang umuring neningkahaniipun cekap panjang kanggé nyangoni pasangan enèm?

5. Tekadku

Ingkang rawuh nyerat setunggal tembung kriya (*kata kerja*) kanggé nggambarkeraken punapa ingkang badhé katindakaken supados sami asung tuladhaning gesang ing salebetting katresnan. Wonten saénipun sedaya seratan punika katèmpèl kanthi éndah kados majalah dinding lan dipun pamèraken ing gréja.

[asp/wms]



DADOS BRAYAT INGKANG RAHAYU

**PANYURAOS SABDA
BRAYAT III**

BAHAN KITAB SUCI: Masmur 128

PANUNTUN

Saben warganing brayat nggadhahi pangajeng-ejeng gesang rahayu. Pangajeng-ajeng punika mboten sami. Warganing brayat kaaturan ngandharaken karahayoning brayat kados ingkang dipun ajeng-ajeng. Kitab Suci maringi gegambaran inspiratif dhateng kita kanggé mbangun brayat ingkang rahayu wonten ing Gusti.

GEGAMBARAN ING BAB SÉMAH (SUAMI)

Ajrih-asih dhumateng Gusti— **Nikmati Makarya Mandhiri**

Gegambaran sémah (*suami*) ingkang rahayu punika sémah ingkang ajrih-asih dhumateng Gusti. Ajrih-asih dhumateng Gusti tegesipun ngurmati Gusti, mbangun turut nindakaken kersanipun, mitadosaken gesangipun dhumateng Gusti, mapanken dhiri ing salebeting pangrèhipun Allah.

Gegambaran sanésipun, sémah (*suami*) ingkang rahayu/begja inggih punika ingkang nedha wohing panyambutdamelipun piyambak. Ing satuggal sisih sémah mboten dipun peres, mboten katindhes, lan mboten dipun tindhes déning tiyang sanès. Piyambakipun mboten dados lembu peresan, nyambut damel kanthi sengkut nanging asilipun namung dipun nikmati tiyang sanès. Ing sisih sanès, sémah mboten nindhes tiyang sanès. Piyambakipun mboten nikmati asil colongan utawi korupsi.

Piyambakipun mboten dados segawon ajag (*serigala*) tumrap sesami, ingkang nikmati asil awit panandhangipun tiyang sanès. Sémah ngraosaken rahayu/begja sesarengan kaliyan brayatipun awit nikmati asiling anggènipun nyambut damel, panyambut-damelipun ingkang sengkut ing salebetung mandhirèng pribadi.

Sharing Pengalaman: Migatosaken para sémah ing salebetung makarti utawi nindakaken bisnis ing sakiwa tengen kita. Para rawuh kaaturan maringi wangsulan pitakénan: Punapa kathah ingkang ajrih-asih dhumateng Allah utawi namung ajrih dhateng manungsa? Punapa wonten ingkang nindhes utawi dipun tindhes?

GEGAMBARAN BAB SÉMAH (ÈSTRI)

Wit Anggur ingkang Subur

Sémah (*istri*) ing brayat ingkang rahayu/begja kagambaraken kados-déné wit anggur ingkang subur. Anggur lambanging kabingahan lan kasegeran. Tegesipun sémah (èstri) badhé mbekta kabingahan lan kasegeran ing brayat, kanggé sémah (*suami*) lan laré-laré. Wit anggur ugi mralambangaken kalubèran lan kemakmuran jasmani lan rohani. Tegesipun sèmah badhè mbekta kalubèran lan kemakmuran kanggé brayat. Srana pangangèn, pitembungan, lan pandamel saé, sémah badhè mbekta kasaénan lan swasana manis ing brayat. Piyambakipun kadosdéné wit anggur subur ingkang ngasilaken woh ingkang manis, mboten kecut.

Sharing Pengalaman: Migatosaken para sémah (*istri*) ing salebetung komunikasi dadosa sacara lésan punapa-déné ing médhia sosial. Para rawuh kaaturan maringi wangsulan pitakénan: Pitembungan ingkang kaginakaken mbangun punapa natoni, mbekta bedhami punapa nyebar raos sengit? Kados-pundi para sémah (èstri) ing salebetung blanja utawi migunakaken arta, ngirit punapa boros?

GEGAMBARAN BAB LARÉ

Trubusan Wit Jaitun

Para laré ing salebeting brayat ingkang rahayu/begja kagambaraken kados déné trubusan wit jaitun. Oyoting wit jaitun kiyat sanget saged nembus siti ngantos 6 meter lebetipun lan sumrambah mengiwa lan menengen dhateng sedaya ener. Oyot ingkang kados mekaten punika ndadosaken wit jaitun saged tuwuhaning pérènging séla-séla ing mangsa garing, kamangka wit sanèsipun ing ngaré sampun pejah. Oyot punika saged tansah ngasilaken woh atusan taun. Malah menawi wit kategor badhé tuwuhaning sawitawis trubusan énggal saking oyot-oyotipun. Oyot ugi nggamaraken patunggilan ingkang lebet kaliyan Gusti (Kolose 2:7), ingkang ndadosaken kita saged kukuh ing pundi kémawon dunung kita, tetep seger lan tansah ngasilaken woh.

Ing salebeting tetunggilan ingkang raket lan lebet kaliyan Gusti, minangka trubusan wit jaitun para laré badhé dados laré ingkang tahan banting, tansah kukuh sanget lan seger ing sadhénkah kawontenan, sarta tansah ngasilaké wohing sipat lan karya ingkang mulya. Sipat lan pakaryanipun Sang Kristus badhé ketingal ing gesangipun.

Wit jaitun ugi dados wit ingkang nggadhahi kathah munpanjang. Sedaya péranganing wit saged kaginakaken kanggé mawarni-warni kabetahan. Kanggé obat, kosmetika, masakan, mbangun griya, lan sanès-sanèsipun. Para laré minangka trubusan wit jaitun ateges para laré badhé migunani ing saben babaganing ngagesang: ing sekolahana, ing gréja, ing griya, ing pasrawungan, ing padamelan, lss.

Sharing Pengalaman: Migatosaken AQ (*Adversity Quotient*), daya tahanipun para laré jaman sapunika ing salebeting ngadhepi masalah, para rawuh kaaturan asung jawaban pitakènan: Kathah ingkang aleman punapa ingkang tahan banting? Ing pasrawunganipun para laré, kathah ingkang dados momotan punapa dados berkah?

KARAHAYON INGKANG LUBÈR LAN DADOS JEMBAR

Karahayon/kabegjan sejatos ing salebetung brayat mboten namung dipun nikmati déning brayat, nanging mblèbèr dumugi kitha (Yerusalem) malah dumugi ing negari (Israel), ugi dipun nikmati turun-temurun ngantos dumugi anak putu. Srana berkah umur panjang, kita saged nikmati lan ningali berkahing karahayon/kabegjan ingkang sangsaya wiyar punika. Kuncinipun inggih punika kita ajrih asih dhumateng Gusti. Ing salebetung ajrih asih dhumateng Gusti, berkahing karahayon/ kabegjanipun Gusti badhé lubèr dhateng pundi-pundi wonten ing brayat, pasamuwan, lan masyarakat. Bab punika ngèngetaken kita dhateng sabdanipun Sang Kristus, “Ning Kratoning Allah lan kasampurnané iko padha upayanen dhisik, nuli samubarang iku mau kabèh bakal diparingaké marang kowé.” (Matéus 6:33).

Sharing Rancangan Kegiatan: Andum berkahing karahayon/ kabegjan dhateng sesami. Karembaga lan karangcanga berkah karahayon/kabegjan punapa ingkang saged dipun edumaken dhateng sesami.

PANUTUP

Kita saged mbandhingaken gambaran brayat ingkang rahayu/begja ing Kitab Suci kaliyan gambaran brayat ingkang rahayu/begja (*keluarga bahagia*) ing lagu Keluarga Cemara. Temtunipun badhé ndadosaken kita sedaya sugih ing pengalaman. Ingkang cetha kita prelu ngrimati brayat wonten ing Gusti. Kaaturan migatosaken cuplikan lagu “Keluarga Cemara” ing ngandhap punika:

Harta yang paling berharga adalah keluarga
 Istana yang paling indah adalah keluarga
 Puisi yang paling bermakna adalah keluarga
 Mutiara tiada tara adalah keluarga.

Kaaturan ngrembag: kados pundi caranipun ngrimati brayat kita supados sangsaya éndah lan nggadhahi makna?

[
dl/wms]



BRAYAT MINANGKA GRIYA ROHANI

**PANYURAOS SABDA
BRAYAT IV**

BAHAN KITAB SUCI: 1 Pétrus 2:1-10; Éfesus 2:19-22

PANUNTUN

Sacara prasaja griya rohani punika “griya” ingkang nyawisaken papan kanggé satunggaling tiyang supados gesangcing karohanènipun saged tuwuhan, awit ing griya punika Sang Kristus rawuh. Ing pangertosan ingkang wiyar, griya rohani punika gréjanipun Gusti, inggih punika patunggilanipun para tiyang ingkang pitados dhumateng Gusti Yésus. Ing trap-trapipun tumrap brayat, brayat saged kita wawas minangka “gréja alit”, utawi minangka griya rohani ingkang mujudaken papan kanggé kita tetunggilan kaliyan Gusti lan sesami, papan ing pundi kita tuwuhan sangsaya diwasa wonten ing Sang Kristus.

MBANGUN BRAYAT MINANGKA GRIYA ROHANI

Kanggé mbangun satunggaling griya, kita mbetahaken séla. Wonten séla kanggé dhasar, wonten bata kanggé témbok, wonten séla-séla kanggé rerenggan (taman, dhékorasi témbok, patung). Mekaten ugi kanggé mbangun brayat minangka griya rohani mbetahaken séla-séla gesang, inggih punika sedaya warganeting brayat, inggih punika bapak, ibu, lan putra, lan sapiturutipun ingkang pitados dhumateng Gusti Yésus.

Kados pundi lampahing pambangunanipun? Aktor utami ing salebetting mbangun brayat minangka griya rohani inggih punika Gusti (bdn. Masmur 127:1) Tanpa Gusti kita mboten saged

mbangun. Gusti ngajak kita dados rowang karyanipun kanggé tumut mbangun.

Séla-séla punika kapilih

Migatosna 1 Pétrus 2:9-10. Kados déné tiyang ingkang mbangun griya milih séla-séla ing antawisipun séla-séla ingkang wonten, mekaten ugi Gusti milih kita saking antawisipun kathah manungsa. Pilihan punika sanès awit kasaénan kita, nanging awit namung sih-rahmatipun Gusti. Kita ènget lagu “Semua Karna Anugerah-Nya” (para rawuh saged ngidungaken lagu punika),

Bukan karena kebaikanmu;
 Bukan karena fasih lidahmu
 Bukan karena kekayaanmu ;
 Kau dipilih, kau dipanggil-Nya

Bukan karena kecakapanmu;
 Bukan karena baik rupamu.
 Bukan karena kelebihanmu;
 Kau dipanggil, kau dipakai-Nya.
 Bila engkau dapat, itu karena-Nya;
 Bila engkau punya, semua daripada-Nya.

Semua karena anugerah-Nya;
 Dib'rikan-Nya pada kita
 Semua anugerahNya Bagi kita;
 Bila kita dipakai-Nya

Lagu punika ngajak kita saos sokur dhumateng Gusti awit Gusti milih kita tiyang dosa punika amrih dados séla gesang kanggé griya rohani.

Sharing paseksi pribadi: Saben sedhèrèk kaaturan wewengan ngandharaken paseksinipun: rikala punapa lan kados pundi anggènipun nggatosaken timbalanipun Gusti ing gesangipun ing salebetting dados muridipun Gusti Yésus.

Séla-séla kadhapuk

Kagatosna 1 Pétrus 2:1. Wonten séla ingkang kedah kalebur rumiyin, wonten ingkang dipun resiki, wonten ingkang dipun prosès lan dipun cithak sarta dipun bentèraken rumiyin, wonten ingkang dipun potong-potong, wonten pérangan ingkang dipun bucal, wonten ingkang dipun anggé, dipun pahat, lss. Mekaten ugi Gusti ndhapuk kita supados kita dados pribadi-pribadi ingkang nggadhahi karakter kados Sang Kristus, Sang Watu Pojok. Gusti mbucal bab-bab ingkang awon inggih punika sedaya tumindak awon, sedaya apus krama lan sawernining lelamisan, raos drengki, lan pitenah.

Senadyan kadhangkala prosès anggènipun ndhapuk punika damel sakit, mangga kita sami ngaturi Gusti ndhapuk kita sedaya. Gusti ndhapuk kita lantaran sabdanipun, sesami kita (saged lantaran pamrayogi lan panyaruwé warganeting brayat, kanca kita, pengalaman gesang, lss.), kedadosan lan pengalaman ingkang kita alami, lan salajengipun. Wonten kathah cara ingkang kaagem dèning Gusti kanggé ndhapuk kita.

Sharing pengalaman: Para rawuh kaaturan andum pengalaman anggènipun kawangun déning Gusti.

Séla-séla Dipun tumpuk srana Pondasi lan Pola

Kagatosna Éfesus 2:20 lan 1 Pétrus 2:4,6-7). Kanggé mbangun griya dipun betahaken pondasi lan pola. Dhasar lan pola punika inggih punika séla pojok. Kanggé mbangun griya rohani, pangandikanipun Allah lan Gusti Yésus minangka Séla Pojok dados landhesan paling kiyat lan pola paling saé kanggé kita. Piwulangipun Sang Kristus kedah saèstu kita tindakaken kanggé mbangun brayat ingkang kukuh, tahan tumrap praharaning gesang. Ènget pasemon tiyang bodho ingkang mbangun griya ing sangginggiling pawedhèn lan tiyang wicaksana ingkang mbangun griya ing sangginggiling padhasan ing Matéus 7:24-27. Sang Kristus ugi temtu dados tuladha/polaning gesang kita ingkang maringi inspirasi lan maringi pangaribawa paling kiyat ing gesang kita.

Lagu NKB 120 “Tiada lain Landasanku” ngèngetaken kita bilih namung Sang Kristus ingkang dados landhesan gesang kita, awit landhesan sanesipun meprel.

Tiada lain landasanku,
hanyalah pada darah-Mu;
tiada lain harapanku,
ku bersandarkan nama-Mu.

Reffrein:
Kristuslah Batu Karangku,
di atas Dia ‘ku teguh;
landasan lain hancur luluh.

Ing kasunyatan, kita asring langkung nyèndhèraken dhiri wonten ing arta lan bandha ingkang kita gadhahi, kapinteran, pangkat, lan kalenggahan kita, utawi sesami kita. Sedaya punika landhesan ingkang meprel lan saged sirna. Kadhang cara gesang kita langkung kawarna déning kadonyan, kadosta patrap materialistis, hedonistis, lss. Kadhang kala kita malah langkung sami kalian donya katimbang sami kaliyan Sang Kristus. Cara gesang kita kedah langkung kawarna déning Sang Kristus lan pangandikanipun, sanès déning jagad (*bdn. Roma 12:2 “Lan kowé aja madha rupa kaya jagad iki, nanging padha salina marga saka budimu kaanyaraké, ...”*). Dinten mbaka dinten kita sangsaya madha rupa Sang Kristus, Sang Watu Pojok kita.

Kegiatan sesarengan: Ngidung sareng “Tiada Lain Landasanku” lan andum pengalaman ing bab landhesan utami sarta cara gesang kita lan tiyang kathah ing wekdal sapunika.

Séla-séla kapapanaken ing papan ingkang trep karaketaken setunggal lan setunggalipun kanthi rapih

Kagatosna Éfesus 2:19,21 lan 1 Pétrus 2:5. Ing griya kita saged ugi wonten séla ingkang manéka-warni, upaminipun bata, séla-séla landhesan, séla-séla pasrèn, sèla taman, lan salajengipun. Sedaya sèla punika kapapanaken ing papan ingkang trep lan karaketaken setunggal lan setunggalipun kanthi rapih. Ing brayat minangka

griya rohani ugi wonten manéka warni séla gesang kanthi manéka warni kapribadèn lan talenta. Bapak, ibu, putra temtu gadhah kapribadèn lan talenta pngkang béda. Sedaya katimbalan misungsungaken dhumateng Gusti. Wonten peran lan tanggel jawabipun bapak, sémah, ibu, putra, tiyang-sepuh ingkang unik (mirunggan lan boten saged kagentos) ing brayat (bdn. Efesus 5:22-6:1-4).

Mekaten ugi kita sedaya warganing brayat minangka séla-séla gesang dipun raketaken setunggal lan setunggalipun déning Sang Kristus minangka Watu Pojok. Kita sedaya dados braying Allah wonten ing Sang Kristus. Iman lan katusnan kita wonten ing Sang Kristus punika ingkang ngraketaken kita setunggal lan setunggalipun. Kita katimbalan nyambut damel sesarengan kanthi rapih wonten ing salebeting katusnan dados griya rohani ingkang dados srana tuwuhing rohani tumrap sedaya warganing brayat.

Sharing: kaaturan sami andum patrap lan solah tingkah ingkang asring damel brayat sami-déné regejegan lan dados benthik (sesambutan tiyang sesémahan), tiyang-sepuh lan putra, mbakyu lan adhi. Kados pundi kita mulihaken lan ngrimati/nguri-uri raketan sesambutan ingkang raket saha pasedhèrèkan ing brayat?

GRIYA PAPAN TUWUHING ROHANI TUMRAP KITA LAN SESAMI

Ing griya kita ijèn-ijèn kita tuwuhi wiwit saking kandhutan, lair, bayi, laré, remaja, pemudha, diwasa, lan salajengipun. Tiyang-sepuh kita maringi tetedhan ingkang ngemu gizi kanggé badan kita, punapa punika susu nalika bayi, bubur nalika taksih laré, sekul nalika kita sangsaya ageng. Kita minangka laré nedha tetedhan peparingipun tiyang-sepuh kita, awit kita pancèn mbetahaken kanggé tuwuhing badan kita. Minangka manungsa rohani kita ugi kedah tuwuhi saking bayi rohani ngantos diwasa wonten ing Sang Kristus. Panyerat 1 Pétrus ngèngetaken bilih kita kedah sinau kados bayi ingkang tansah kangen dhateng toya susu supados tuwuhi (1 Pétrus 2:2).

Pitakènan instropektif: Punapa ingkang paling damel rohani kita tuwuhaning brayat kita? Bab konkrét punapa ingkang saged kita upadi?

Kita ugi kedah ènget bilih griya mboten namung kanggé brayat kita, nanging ugi kanggé sesami kita. Wekdal punika kathah tiyang dados “tuna wisma” rohani, mboten gadhah griya kanggé tuwuhaning rohaminipun, gesangipun nebih saking Gusti lan gesang ing salebetung dosa (bdn. Pasemon Anak ingkang Ical). Para “tuna wisma” rohani punika kathah ugi ingkang gadhah griya (*house*) ingkang saé, nanging mboten ngraosaken “*home*” ing griyanipun. Wonten ingkang brayatipun *broken home*, wonten ingkang ngraosaken kasepèn senadyan taksih manggèn sesarengen kaliyan warganing brayat sanèsipun. Temtu kita kedah preduli dhateng sedhèrèk-sedhèrèk punika. Sedhèrèk-sedhèrèk punika mbetahaken kita. Pramila mangga kita dadosaken brayat griya rohani kanggé sesami kita, dalemipun Gusti kanggé sedhèrèk-sedhèrèk punika, temah sedhèrèk-sedhèrèk wau ngraosaken rawuhipun Allah ingkang mulihaken lan nuwuhaken. Mangga kita dadosaken griya kita dados griya ingkang supel kanthi pintu ingkang binuka kanggé sesami ingkang mbetahaken.

Pitakènan: Kados pundi patrap kita tumrap para “tuna wisma” rohani ing sakiwa tengen kita?

[dl/wms]



PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa
ingkang kacawisaken ing buku punika prelu
dipun olah malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan piyambak-
piyambak*



SOLAHMU DADI SARANA KATENTREMANMU

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 1

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPK 23:1, 2. PUJI MRING ALLAH

- 1) Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.
Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gustining pratitah.
- 2) Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.
ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.
wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
tinebus temah waluya.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI KPJ 111:1, 3 GUSTI YÉSUS PAMARTA

- 1) Gusti Yésus Pamarta, parang ingkang sampurna
Krana ngungsi mring Gusti, kula dipun ayomi.
Srana rahé Sang Kristus, gesang kula tinebus.
- 3) Gesang kula mung nglaha, tan wonten lelabetnya.
Amung salibé Gusti ingkang kula gondhèli.
Mila kula mung pasrah klayan tulusing manah.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Éfesus 4:25-32

6. WEDHARING PANGANDIKA

“Gèstur” (solah) punika dados satunggaling cara kanggé nedahaken sesambutan ingkang mboten ngginakaken pocapan. Saben tiyang ingkang wicantenan badhé ngginakaken kalih warni, inggih punika ngedalaken pitembungan utawi mawi solah-bawaning raga. Nalika nepsu, wonten ingkang ngantos mripatipun mèndelik, wonten ingkang mèndel ngendhalèni kanepsonipun. Nalika sedhiih wonten ingkang nutup mripatipun, wonten ingkang nangis, wonten ingkang singidan ing kamar. Nalika manah gumbira, mripat ketingal sumunar, tutukipun kebak èsem ngantos ingkang gumujeng. Nanging sampun ngantos klèntu antawisipun èsem ingkang tulus kaliyan ingkang semu nyimpen serik lan èsem kingkang kebak raos pahit, jalaran menawi klèntu panampi saged mewahi (nambah) prakawis.

Émanipun, salebeting sesambutan jaler èstri, utawi sesambutan antawis tiyang sepuh asring klèntu panampi tumrap obahing raga wau. Mboten mreduli, ngrémèhaken, nganggep sepi, ngathahaken damelan, keslimur déning karemenan sanèsipun, punika bab-bab ingkang nukulaken klèntu panampi.

Ing gesangipun tiyang pitados inggih asring kita prangguli kadospundi tiyang klèntu panampinipun ing salebeting gesang sesarengan minangka umat. Malah saged thukul dredah ing antawising warga pasamuwan, kados ingkang kalampahan ing pasamuwan Éfesus. Wonten ing serat Éfesus punika, Rasul Paulus ngèngetaken malih bab “Kasugihanipun tiyang pitados wonten ing Sang Kristus.” Gusti sampun nindakaken pakaryan adamel kita sugih wonten ing Sang Kristus! Wonten ing Panjenenganipun, kita nampèni berkah minangka umat pilihan lan nampèni gesang langgeng. Bab ingkang wigati inggih punika kadospundi ngrimati

kasugihanipun Sang Kristus lumantar kamursidan, kasucèn, patunggilan, larasing gesang minangka umat.

Bab ngrimati kasugihanipun Sang Kristus punika kaandharaken déning Rasul Paulus ing bab 4: 25-32. Wonten sawetawis pepènget, ing antawisipun sekawan prakawis ingkang prelu dipun gatosaken. Sapisan, “mbucal watek goroh” (ay. 25). Rasul Paulus ngersakaken warganing pasamuwan mbudidaya ngucapaken ingkang nyata dhateng satunggal lan satunggalipun awit kita samidéné dados gegelitaning badan satunggal. Menawi kita purun gesang minangka péranganing badan, mila ingkang kedah katindakaken inggih punika mbucal watek goroh lan njunjung bebener. Tanpa sikep jujur badhé ndhatengaken karisakan. Kadosdéné wonten ing brayat, saben warganing brayat kedah wantun jujur. Sanadyan kanggé nindakaken kajujuran kadhangkala ngemu pituwas ingkang mboten ngremenaken. Nanging badhé sangsaya sanget anggenipun ngraosaken kaprihatosan menawi warganing brayat samidéné goroh. Kejujuran dados dhedhasaring tiyang sesémahan supados tetep bakuh. Tiyang ingkang jujur badhé katingal saking caranipun tinarbuka dhateng warganing brayat.

Kaping kalih, nepsu (ay. 26). Rasul Paulus ngandharaken bilih nepsu punika pinanggih limrah, menawi dipun tindakaken kanthi dhedhasar ingkang leres lan tumuju dhateng kaleresan. Badhé dados mboten limrah menawi sadaya ingkang kalampahan nglangkungi saking pepénginanipun ingkang nukulaken kanepson lan dados tiyang ingkang gampil nepsu. Mboten wonten jawah, mboten wonten gludhug, dumadakan muntab kanepsonipun. Menawi punika asring katindakaken, badhé njalari tatuning mananipun asanès. Laras kaliyan bab punika kados ingkang sinerat ing Mazmur 4:5 “*Nepsua nanging aja nganti gawé dosa, mosika sajroning atimu ana ing paturon, nanging tetepa meneng.*”

Kaping tiga, tembung ingkang becik (ay. 29). Pocapan *logos sapros*-(Yunani) (LAI: “tembung reged”) nyumerepaken

dhateng sadaya pocapan ingkang mboten wonten ginanipun. Mboten namung supata utawi pisuhan. Mboten namung geguyon ingkang saru lan kurang ajar. Samukawis ingkang mboten migunani tumrap tiyang sanès, sampun ngantos katindakaken, karana mboten ndhatengaken sih-rahmat. Saben tiyang sesémahan kedah tansah sinau wicantenan ingkang alus lan mengku katresnan. Pitembungan ingkang nyaruwé tanpa njeksani, ingkang nyurung tanpa peksan, ingkang ngeneraken tanpa ngguroni. Sanadyan namung ngucapaken salam lan pitakèn bab pawartosipun, sampun ageng sanget ajinipun tumrap brayat.

Kaping sekawan, sumanak (ay. 32). Sumanak punika nélakaken wonten sesambetanipun kaliyan sikep lan tumindak ingkang tinarbuka dhateng sok-sintena sinarengan katresnan, punapa malih tumraping brayat. Rasul Paulus ngandharaken bilih wonten ing gesang sesarengan kedah kinanthènan sikep sumanak, kebak ing katresnan lan samidéné apura-ingapura, jalaran ing ngriku wujuding brayatipun Gusti Allah.

Lumantar sekawan prakawis wau, kita kaèngetaken bilih kejujuran, menggak kanepson, pitembungan ingkang saé, lan sumanak, punika patrap ingkang tansah dipun udi ing gesangging brayat. Sesarengan kaliyan punika kaèngetaken, solah ingkang kita tindakaken kados ingkang badhé kalairaken, sesarengan kaliyan pitembungan ingkang mbangun. Ngrangkul, nepuk pundhak, tangan ingkang tinarbuka, èseman lan kabingahan punika sawetawis saking mayuta-yuta solah ingkang nyarengi kita, nalika kita mbudidaya ndhatengaken katentreman ing salebeting brayat. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI: KPJ 321:1-2 KULAWARGA KANG RAHAYU

- 1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthy.

Rèff.:

Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

- 2) Anèng donya dalannya,
endi kang bakal ingambah.
Dalan bener mung sajuga,
yéku margining Allah

Rèff.:

8. PANDONGA SYAPAAT LAN PANUTUP

9. KIDUNG PAMUJI: KPJ 438:1 GUSTI, PADUKA NGIRID LAMPAH KULA

Gusti, Paduka ngirid lampah kula
Kula ndhèrèk Padhuka salaminya.
Kawula datan saged milih margi
Mugi sapurug kula, Gusti ngantri

[ia/tk]



BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA 2

KESELARASAN

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPJ 14:1,2 KULA SAMYA TETUNGGILAN

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan
Rèff.:

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
wit ing ayom ing sihira sèstu tentrem raharja.

- 2) Kula rinoban ing begja rinten-dalu tan kendhat,
ing lelampaahan prasaja dalah srana mukjijat
Rèff.:

- 3) Kula rinimat ing Gusti, sarta sagunging titah,
mangsa kang silih-gumanti, samukawis mung éndah
Rèff.:

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI: KPJ 29 SUMANGGA SOWAN GUSTI

- 1) Sumangga sowan Gusti. Haléluya!
Srana kidung pamuji. Haléluya!
- 2) Tyang pracaya nyawiji. Haléluya!
Ing tresna tulus yekti. Haléluya!

- 3) Pujèkna gung panggunggung. Haléluya!
Kidung konjuk Hyang Agung. Haléluya!

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Efesus 5:22 – 6:4

6. WEDHARING PANGANDIKA

Ingkang nama mbangun gesanging brayat ingkang ngremenaken punika temtu dados pepénginanipun sadaya tiyang. Ananging kanggé mujudaken sanès bab ingkang gampil, tiyang kedah setya lan wekel kasengkuyung sadaya warganing brayatipun. Pepénginanipun éndah, nanging kanggé nggayuh wau kadhangkala sinareangan panggresula, panangis lan sempoyongan. Nanging inggih makaten punika kasunyataning gesang ingkang kedah dipun adhepi. Ing salebetung kangèlan nggayuh pepénginan punika, sadaya warganing brayat kedah purun mbudidaya sesareangan. Kadosdéné tembung *harmonia* (basa Yunani) ingkang tegesipun katangsulan laras/*serasi*. Larasipun karana sadaya mbudidaya mujudaken gesanging brayat ingkang laras.

Larasing brayat saged kagambaraken kadosdéné *paduan suara*. Limrahipun paduan suara dumadi saking sekawan pérrangan suwanten inggih punika soprano, alto, ténor lan bas. Sanadyan samidéné béda jinising suwanten nanging saged njumbuhaken cakriking suwanten satemah dados nyawiji ingkang jangkep lan éndah. Samidéné katangsulan ing tékad lan ancas ingkang sami. Ing salebetung ngudi gegayuhan wau, kanthi rila lan bingah, sami purun gegladhèn. Saben wonten ingkang lepat lajeng karembag supados dipun dandosi. Ingkang paling wigati inggih punika sami mbangun turut dhateng pelatih lan pemimpinipun/dirigèn.

Menawi kita mendhet wosing paduan suara, kita badhé pikantuk kathah bab ingkang kita pethik. Wonten ing paduan suara pinanggih wontenipun raos sesareangan, satunggal warni, ngudi sesareangan, samidéné mujudaken kaéndahan, purun nyukani wekdal kanggé sanèsipun, samidéné ngudi larasing lelagon manut panuntuning *dirigèn*. Saben suwanten

mboten pareng ketingal bédá piyambak sanadyan suwantenipun kapireng éndah. Awit kadospunapa éndah suwantenipun badhé kapireng langkung éndah menawi laras kaliyan suwanten sanèsipun. Makatena ugi ing gesang bebrayatan. Sanadyan wonten paladosan ingkang bédá nanging samidéné nggadhahi tanggeljawab kanggé mujudaken brayat ingkang éndah.

Inggih kados makaten ingkang kapangandikakaken déning Rasul Paulus ing Éfésus 5:26 – 6:4, dhateng punapa ingkang katindakaken lan tanggeljawab punapa tumraping brayat wau. Tiyang èstri ingkang manut miturut dhateng tiyang jaler, lan tiyang jaler ingkang nresnani semahipun kados dhateng gesangipun piyambak lan anak ingkang mbangun turut dhateng tiyang sepuhipun. Tembung ingkang dados pathokan kanggé ngraosaken pangandikanipun Rasul Paulus pinanggih ing Éf. 5: 20-21, “Tansah caosa sokur marang Gusti Allah Sang Rama kita tumrap samubarang kabèh atas asmané Gusti kita Yésus Kristus, lan andhap-asor ing antarané siji lan sijiné ana ing sajroné wedi asih marang Sang Kristus.”

Wonten ing gesang ingkang kebak panuwun lan samidéné andhap-asor, sesambetanipun tiyang jaler èstri dipun gambaraken kadosdéné Gusti kaliyan pasamuwanipun. Nungkul dhumateng Gusti mboten karana ajrih nanging karana karesnan lan kasetyanipun. Kasetyan, karana sampun nampi sih-rahmat saking Gusti.

Wonten ing gesang ingkang kebak panuwun lan samidéné andhap-asor, tiyang jaler katimbalan nresnani semahipun. Boboting karesnanipun sinami bobot karesnanipun Gusti ingkang masrahaken nyawaniPun kanggé umat manungsa. Karesnan ingkang tulus, karesnan ingkang jujur lan karesnan ingkang njalari raos rumaket lan nentremaken. Awit saking punika Rasul Paulus ngandharaken supados tiyang jaler nresnani semahipun kadosdéné nresnani gesangipun piyambak.

Pitedah ‘nresnani kadosdéné nresnani gesangipun piyambak’ mboten ateges langkung kathah nresnani dhiri pribadi lan nengenaken kapentinganing piyambak ngungkuli punapa kémawon. Nanging sejatinipun mbereg kita nandukaken patrap dhateng tiyang sanès sami kadosdéné kita nandukaken dhateng dhiri kita piyambak. Ing ngriki, cetha bilih tiyang jaler-èstri gesangipun samidéné nandukaken katresnan kados dhateng gesangipun piyambak.

Salajengipun wonten ing bab 6:1, Rasul Paulus inggih ngèngetaken dhateng para laré supados samidéné manut miturut dhateng tiyang sepuhipun kados ingkang kadhwuh-aken déning Gusti wonten ing Pangentasan 20:12. Tiyang sepuh minangka wakilipun Gusti ing jagad ingkang nresnani, ngrimati lan nggulawenthah laré. Pramila Rasul Paulus ngandharaken: “...manut-mituruta marang wong tuwamu ana ing patunggilané Gusti..”

Sinau saking pangandikanipun Gusti, sadaya ndarbèni tugas ingkang bédá-bédá nanging tinangsulan satunggal lan satunggalipun karana brayat punika wujuding kanugrahanipun Gusti. Wonten ing tugasipun piyambak-piyambak anggadhahi tugas pribadi kanggé sadaya warganing brayat. Larasing gesangipun brayat kawujud menawi mboten wonten peksan, nanging langkung nengenaken dhateng kadospundi kawontenan lan adegipun ingkang sami nyanggi satunggal kaliyan satunggalipun. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI. KPJ 326 PUNIKA BRAYAT KULA

- 1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.
Sinten dados tanggelan? namung Pangéran pribadi.

Rèfr.:

Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih rahaarja.

- 2) Saiba éndahira, tyang-sepuh dadya tuladha,
sagung para putra sami nulad pakartinya.

Rèff.:

8. PANDONGA SYAPAAT LAN PANUTUP**9. KIDUNG PAMUJI: KPJ 67 ALLAH KANG MAKWASA**

- 1) Allah kang Makwasa, karsa nampi kula
dados rowang mitra, wah utusan Paduka;
ngundhangken sihrahmat mring sagunging umat,
mrih kratoning swarga sumrambah sadonya.
- 2) Mugi Sang Roh Suci lestantun mitulungi,
mrih kula sembada leladi kanthi setya.
Manah tansah bingah datan naté semplah,
klayan ajrih-asih wah sepi ing pamrih

[ia/tk]



BRAYAT INGKANG TEKUN NDEDONGA

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 3**

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPJ 161 JIWA-RAGA KAWULA

- 1) Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta,
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran,
kamulyaning Pangéran.
- 2) Tangan-suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki, nampeni sihing Gusti,
nampeni sihing Gusti.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI: KPJ 103 ALLAH YÈKU PANGÈN SATUHU

- 1) Allah yèku pangèn satuhu, pangrèhnya nentremken kalbu.
Kula tansah rinimatan srana sagunging kamirahan.
Rèff.:
Ing juranging pati tan wedi bilai,
wit Gusti pribadi kang nganthi.
Nadyan mengsa kathah, manah datan semplah,
wit berkahnya rumentah.
Mung kabegjan saha kadarman ngiring salamining gesang,
sarta kula badhé manggen tansah ing dalemé Sang Yéhuwah.

- 2) Ayem manah lan nyawa kula ing ayoming sihé Gusti,
sarta tinuntun astanya ing kayektosan kang sejati.
Rèff.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI: 1 Tésalonika 5:16-22

6. WEDHARING PANGANDIKA

Piranti kanggé sesambutan antawisipun sesamining agesang ing wekdal punika dados prakawis ingkang wigatos. Punapa saged dipun gambaraken kadospundi menawi paladosan kantor pos lan telepon ing salumahing bumi punika mandheg? Télévisi, radio, piranti tilpun *séluler* lan *internet* sami boten wonten? Temtu kathah prakawis ing donya punika ingkang lajeng ngalami kisruh. Tiyang boten samidéné kintun pawartos, lan punapa kémawon ingkang magepokan kaliyan pawartos boten saged kadumugékaken. Ingkang suwaunipun pinanggih rancag, dumadakan kepambeng lan mambengi kathahing kabetahan. Pigunanipun piranti kanggé sesambutan saèstu melok sanget ing gesangipun manungsa.

Makatena ugi samesthinipun anggèn kita mapanaken bab pandonga. Pandonga inggih anggadhahi piguna ingkang manggèn ing tengahing gesang. Richard Foster, satunggaling téolog Amerika Serikat, ngandharaken: “Saking sadaya tata gesanging karohanèn, pandonga punika ingkang paling baken, jalaran pandonga nglantaraken kita dhateng sesambutan ingkang kalampahan teras kaliyan Gusti.”

Taksih cetha ing wekdal, nalika kita nyambut damel saking griya karana wontenipun pageblug Covid-19. Kadospundi pandonga ing saben brayat dumadakan dados kabetahan ingkang wigati ingkang boten saged dipun sumenèkaken, malah dados kabetahan tetedhan menggahing nyawa kita wekdal semanten.

Kita tansah sesambutan kaliyan Gusti lumantar pandonga. Ingkang sinebat *disiplin rohani* satunggal punika, boten dipun

watesi dening papan lan wekdal. Kita saged ndedonga ing pundia kémawon, lan ing wekdal punapa kémawon, kanggé punapa kémawon lan kadospundai kémawon. Sejatinipun, menawi katandhingaken kaliyan sadaya sarananing sesambetaning manungsa ing donya punika, pandonga dados sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti punika linangkung lebet lan sanget kita betahaken.

Wonten ing seratipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Tésalonika, ing ngriku wonten pangandikanipun, “Aja kendhat anggonmu ndedonga.” (1 Tes 5:17). Pasamuwanipun Gusti ingkang anyar punika nembé tuwuhan ngrembaka. Nanging kadosdéné pasamuwan ing abad wiwitan, sami boten saged uwal saking bebaya pangancam lan panindhes. Pangandikanipun Rasul Paulus supados boten kendhat anggénipun ndedonga minangka pangandika ingkang wigati sanget. Rasul Paulus lan para rasul sanèsipun boten ajeg saged nenggani pasamuwanipun lan boten saged tansah sesambetan. Punapa malih sarananipun boten gampil kados ing jaman sapunika. Ananging, Gusti ingkang dipun pitados lan kaluhuraken, tansah sumadya lan nyawisi cara ingkang tansah kabikak lumantar pandonga.

Pasamuwan tetep saged tansah ndedonga, kanthi pandonga ingkang boten naté kendhat. Tegesipun, pasamuwan tansah tetep wonten ing ngarsanipun Sang Rama, tansah sesambetan kaliyan Panjenenganipun. Ing saben wekdal mbetahaken sesambetan kaliyan Gusti, tansah kabikak margining sesambetanipun ingkang boten naté ical.

Sesambetan ingkang gampil kaliyan Gusti boten namung kanggé pasamuwan ing Tésalonika. Saben tiyang pitados ndarbeni margi kanggé sesambetan tanpa pembangan punika. Menawi kita kepéngin ngalami saya mindhak tuwuhan karohanèn kita, ndedonga dados satunggaling latihan rohani ingkang baken ingkang prelu kita tindakaken kanthi tegen. Andrew Murray wonten ing *With Christ in the School of Prayer* ngandharaken, “Sanadyan pandonga punika sipatipun

prasaja sanget, satemah laré alit kémawon saged nindakaken, nanging pandonga inggih minangka tumindak ingkang sakelangkung mulya lan suci. Pandonga punika patunggilan kaliyan ingkang Mahasuci, bab ingkang baken ing pangibadah ingkang leres, sarananing sadaya berkah, lan prakawis ingkang winadi tumrap panguwaos lan gesang.” Inggih awit ingkang makaten punika, wigatining pandonga, sumangga kita tansah tegen ndedonga ing kawontenan punapa kémawon ingkang nembé tumama ing gesang kita. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI: KPJ 136 RAHAYU WONG WEDI-ASIH

- 1) Rahayu wong wedi asih mring Pangéran Yéhuwah, ramèng gawé sepi pamrih, kasengsem sabdèng Allah. Wong bener wah ngabekti slamanya dèn berkah lan turuné lestari.
- 2) Omahé wong kang pracaya kanggonan kalubèran; kautamané slamanya, tansah ulah katresnan; ironing peteng nglimputi, kang temen dèn padhangi. wit tinunggil ing Gusti.

8. PANDONGA SYAPAAT LAN PANUTUP

9. KIDUNG PAMUJI: KPJ 316 BRAYAT KANG TINANGSULAN ING TRESNA

- 1) Brayat kang tinangsulan ing tresna, tetales pitados mring Gusti, mesthi ayem tentrem lan raharja, atut rukun wah lestari, silih asah lan asih, silih asuh tan pamrih, temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.
- 2) Brayat kang tresnanira sejati, kados sihé Sang Kristus Gusti. Lung - tinulung silih angladosi, tan nguja karsèng pribadi.

Yèn bebaya anrajang, linawan sesarengan,
temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.

- 3) Brayat kang mbangun - turut mring Gusti,
tegen ngedonga lan ngabekti,
kraos lan rumaos nampi berkah, jroning bingah dalah sisah;
gesangnya kagem Allah, blaba bérbudi tansah,
temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.

[ahs/tk]



BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 4

NGAPURANCANG, NDEDONGA!

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPJ 200: 1, 2. MUGI WRADIN INGUNDHANGNA

- 1) Mugi wradin ingundhangna sabdèng Allah mulya.
Wah mrasuka ing wardaya sabdèng Allah mulya.
Sabdèng gesang langgeng yogya kula anggep.
Sabda mulya, sabda mulya, sabdèng Allah mulya.
Sabda mulya, sabda mulya, sabdèng Allah mulya.
- 2) Gusti nglairken mring kula, sabdèng Allah mulya;
Tiyang dosa winartosan sabdèng Allah mulya.
Tyang trenyuh ing driya sami anilingna.
Sabda mulya, sabda mulya, sabdèng Allah mulya.
Sabda mulya, sabda mulya, sabdèng Allah mulya.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI: KPJ 203: 1, 2 RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ

- 1) Rahayu kang utama lakuné
ngambah dalaning prentahé Pangéran.
Rahayu kang netepi dhawuhé;
wong kang manut ing sapangrèhé Gusti.
sarta tansah telaten netepi sakarsané klawan éklas ing ati.

- 2) Dhuh Gusti, punapa sarananya
 tyang nèm-nèman saged jujur ing lampah
 kejawi dipun rèh, mituruta sapangandika
 lan préntahing Allah?
 Kawula sampun Paduka uja nyalèwèng
 nilar pepaken Paduka.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yakobus 4:1-3

6. WEDHARING PANGANDIKA

Panyerat serat Yakobus ngèngetaken kadospundi hawa nepsu punika saged mbebayani. Jalaran kanepson, tiyang lajeng sami kerengan. Kanepson inggih ngrisak patunggilaning tiyang pitados. Kanepson njalari tiyang mboten ndedonga (ay.2), rumaos bilih pandonganipun mboten dipun sembadani déning Gusti. Ing sisih sanès, wonten tiyang sregep ndedonga, ananging namung kanggé kabetahanipun piyambak.

Umat kedahipun ènget bilih pandonga punika eneripun dhumateng Gusti, mboten kanggé gesangipun piyambak, punapa déné karemenan lan kamareman kita. Yakobus 4: 3, kanthi cetha ngandharaken bilih kita asring mboten nampèni ingkang kita suwun, jalaran kita lepat anggèn kita ndedonga. Lepat ingkang dipun kajengaken inggih punika karana kita namung kepéngin ngudi kamareman lan pepénginan kita piyambak.

Lajeng kadospundi anggèn kita saged mangun pandonga ingkang ngener dhumateng Gusti?

Temptunipun kathah pangandikanipun Gusti ingkang nuntun kita ngunjukaken pandonga lan panyuwunan punapa ingkang ngener dhumateng Gusti. Kanggé mbiyantu ngèngetaken, kita ngginakaken driji-driji kita ingkang saben-saben ngapurancang nalika ndedonga.

Kita sinau saking cariyos bab driji-driji ingkang ndedonga kados ingkang kacariyosaken déning *Child Évangelism Fellowship* ing salebeting *The Prayer Hand*.

Pérangan driji-driji tangan tengen, saged mbiyantu kita ngènget-ènget bab-bab ingkang makaten:

- Jempol (ingkang asring kaginakaken kanggé ngalembana) nuntun kita dhateng kamulyanipun Gusti. Awit kita memuji lan nyembah Panjenenganipun (Mzm. 100), kita nguningakaken pangaken kita ing bab sinten Panjenenganipun ingkang rumeksa ing gesang kita.
- Driji panuding (ingkang asring kaginakaken kanggé nedahaken kita utawi kanggé ngakeni), ngèngetaken dhateng kasucèn lan kaadilanipun Gusti, lan nedahaken gesang kita ingkang dosa. Awit saking punika kita prelu ngakeni sadaya dosa kita lan nyuwun pangapunten saking Ingkang Mahasuci (1 Yok.1:9)
- Driji panunggul (driji ingkang inggil piyambak) nguningakaken kasaénan lan kamirahanipun Gusti dhateng kita (Luk. 17: 11-19).
- Driji manis (panggenanipun kalpikaneningkahan utawi pepacangan) nguningakaken katresnan lan kasetyanipun Gusti. Awit saking punika kita mangsuli sarana katresnan kita dhumateng Panjenenganipun (Mzm. 18: 2-3).
- Jenthik (mralambangaken dhiri pribadi ingkang alit lan manggèn ing urutan kantun) ngèngetaken dhiri kita bilih sakelangkung alit lan mboten wonten aosipun kita, satemah kita samesthinipun kedah masrahaken gesang wonten ing pangreksa lan kawicaksananipun Gusti, pitados lan tumemen ngabekti dhumateng Panjenenganipun.

Pérangan driji ingkang kiwa kita ginakaken kanggé ngeneiti bab punapa ingkang kita dongakaken:

- Jempol, menawi kita ndedonga kanthi ngapurancang papanipun celak kaliyan dhadha, mralambangaken para tiyang ingkang celak ing manah kita. Kadongakna tiyang ingkang celak kaliyan kita (brayat, kanca).

- Driji panuding, ingkang kaginakaken kanggé nedahaken, mralambangaken tiyang-tiyang ingkang nedahaken dhateng kita. Kadongakna tiyang ingkang sampun nenuntun kita (Pandhita, guru lsp)
- Driji panunggul, ingkang inggil piyambak, mralambangaken para tiyang ingkang mranata. Kadongakna tiyang ingkang dipun pitados Gusti dados pemimpin (pemerintah, lsp).
- Driji manis, ingkang angèl dipun angkat nalika tangan kita napak ing papan rata, mralambangaken para tiyang ingkang ringkih ingkang prelu pikantuk pitulungan. Kadongakna para tiyang ingkang saweg ngalami kangèlan lan karingkihan (tiyang ingkang dèrèng pitados, tiyang ingkang nembé ngalami panandhang ing bab ekonomi, utawi ingkang sakit).
- Jenthik, minangka driji ingkang alit lan pungkasan, mralambangaken gesang kita ingkang alit lan mbetahaken panjurung lan pangreksanipun Gusti supados tetep ngrembaka (magepokan kaliyan tuwuwing kapitadosan, wewatekan lan kabetahan pribadi).

Sarana driji-driji kiwa lan tengen, sadaya pandonga kita badhé mengku panyuwunan ingkang nyrambahи sedayanipun lan nguningakaken pandonga ingkang sangsaya ngener dhumateng Gusti. Gusti pancèn mboten ndhawuhi bilih ndedonga kedah mawi tangan ingkang ngapurancang, kita inggih mboten nganggep ngapurancang minangka cara ingkang paling saé. Nanging nalika ngapurancang kanggé ndedonga, dèn-ènget, bilih semanten kathahipun prakawis ingkang prelu kita dongakaken kanthi andhap asor, mboten namung kanggé dhiri kita piyambak. Sumangga kita ndedonga kanthi tumemen sinarengan ngèngeti: karsanipun Gusti ingkang kalampahan. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI: KPJ 338:1 GREJA PRASASAT BAITA

Gréja prasasat baita nèng tengah samodra,
Kristus kang dadya panutan enering lampahnya.

Nadyan tan sepi babaya, ombak, lan prahara,
mesthi tulus kang sinedya, gisik ing sampurna,
anger tansah tan suwala mring sagung pangrèhnya,
temah sembada widada, kalis sing rubéda.
Ayo disetya tulung tinulung tunggal sedya,
karya anèng Sang Pamarta ngantos salaminya.

8. PANDONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

9. KIDUNG PAMUJI: KPJ 338:2 GREJA PRASASAT BAITA

- 2) Gréja prasasat baita nèng tengah samodra
Kristus kang dadya panutan enereng lampahnya.
manuta pandoming lampah, nggih sabdaning Allah,
nyingkirna watu karang sengseming kadonyan,
mrih tan nemahi cilaka, karem ing samudra,
temahan tan bisa dadi seksi kang sembada.
Ayo disetya tulung tinulung tunggal sedya,
karya anèng Sang Pamarta ngantos salaminya.

[ahs/tk]

